Waktu itu Raden Ajeng Marsam dan Raden Ajeng Nestri menjadi *patah* (pendamping pengantin). Setelah selesai, ia lalu membantu melepas dandanan pengantin putri di rumah pemondokan. Setelah diketahui bahwa Raden Mas Riyanta telah berganti busana, Raden Ajeng tidak nak hatinya lalu muncul kecurigaannya. Selain itu, ia mengira bahwa Raden Mas Riyanta pulang ke Natasewayan. Kata hatinya, "Duh, jika malam ini tidak pulang, pastilah banyak orang mencibirku sebab menikah sekali tidak bisa rukun."

Raden Ajeng Marsam tanggap melihat gelagat kakaknya, cepat ia keluar menuju ke taman mencari Raden Mas Riyanta. Ternyata, Raden Mas Riyanta sedang duduk di bawah pohon cemara. Ia memanggil, "Siapa itu? Kak Riya?"

"Iya."

"Mengapa malah di sini? Kakak diminta Kak Srini makan."

"Sam, saya tidak dapat menemui kakakmu di gedung sebab banyak orang. Saya malu. Kalau mau akan saya ajak ke barat sekarang juga."

"Lo..., Kakak itu bagaimana. Pengantin kok malu. Ayolah ke sana, nanti bisa dimarahi."

"Enggak, ah. Panggil ke sini saja. Pokoknya saya tidak bisa bercakap-cakap dengan kakakmu kalau di sana."

Raden Ajeng Marsam terpaksa mengalah demi kebaikan kakaknya. Ia lalu kembali ke pemondokan pengantin, tetapi tidak lama kemudian kembali lagi ke taman dengan agak gugup, "Kak..., Kak. Kak Srini saya cari tidak ada. Padahal tadi sudah tidur. Hati saya agak tidak enak. Pintu jendela tadi telah saya kunci, tetapi mengapa terbuka. Saya terus menutupnya kembali, tapi ini tadi kembali terbuka. Hi..., hati-hati lo, Kak."

Raden Ajeng terpaksa membohongi kakaknya seperti itu. Seketika Raden Mas Riyanta terkejut, ia segera menuju ke tempat tidur dengan gugup. Ternyata, jendela masih terkunci. Raden Ajeng Srini telah tertidur terlentang. Raden Mas Riyanta berulang-ulang memandangnya. Seketika itu, hilanglah segala perasaan malu. Akhirnya mereka bercumbu rayu.

BAGIAN IV

TRANSLITERASI SERAT RIYANTA

1. DADOS PENGALIHAN

Kacariyos kala rumiyin ing nagari Surakarta wonten satunggiling priyantan luhur nama Pangeran Natasewaya kagungan putra namung satunggal jaler sakalangkung mursid nama Raden Mas Riyanta. Wiwit umur nem taun lajeng katilar seda ingkang rama. Lestantun kaemong ingkang ibu wonten ing dalem Natasewayan. Sampun temtu kemawon Raden Mas Riyanta sanget dipuntresnani dening ingkang ibu, tansah ingela-ela, didama-dama, dipunuja ing sakarsa. Boten nate kacuwan awit swargi Pangeran Natasewaya sakalangkung sugih, kathah barang tuwin raja-brana tetilaranipun.

Sareng sampun umur pitung taun Raden Mas Riyanta lajeng pisah kaliyan ingkang ibu, kasekolahaken wonten ing Semarang tumut ingkang paman anama Raden Mas Tandhawijaya, inggih punika sadherekipun enem Raden Ayu Natasewaya. Wonten ing ngriku Raden Mas Riyanta katingal majeng pasinaonipun amargi dhasar remen marsudi dhateng kawruh tuwin dhateng sadhengah kagunan. Wondene ingkang dados kasenanganipun inggih punika nggambar mawi pulas, cet, tuwin sanes-sanesipun. Enggalipun, sareng umur kawan welas taun wanci ngajengaken sunat, Raden Mas Riyanta lajeng wangsul dhateng ing Surakarta malih.

Kacariyos Raden Mas Riyanta sampun wanci jejaka. Kala semanten lajeng remen lelana, tindakakan ing wanci dalu, boten mawi kanthi, njajah ing panggenan ingkang sepi-sepi, terkadhang anencem sarira wonten ing lepen-lepen boten ketang sayah, arip, asrep, sarta katisen. Konduripun saben sampun wanci byar enjing. Awit saking punika, temah andadosaken rudatosing panggalhipun ingkang ibu awit sumelang bokbilih ingkang putra kagungan tindak ingkang kirang prayogi karana Raden Mas Riyanta sampun diwasa, tur sakalangkung ambesat ing warni, engga

dados kekidunganipun para kenya. Kathah para putri ingkang sami kasmaran, mila Raden Mas Riyanta enggal tinantun krama dening ingkang ibu, nadyan karsanipun Raden Ayu wau bebasan anggegemangsa, ing pamurih namung supados karahayonipun ingkang putra sampun ngantos dados pocapan awon, jer ketang putra namung satunggal sampun tinilar ingkang rama. Ananging, kersanapun Raden Ayu wau temah dados sulaya kaliyan penggalhipun ingkang putra. Wasana, Raden Ayu ngantos judheg penggalhipun. Saking pegeling galih, ingkang putra ngantos dipunkendelaken pisan.

2. ANITI PRIKSA ING PASANGGRAHAN

Kacariyos, anuju satunggiling dinten wanci sonten, Raden Ayu Natase-wayaya lenggahan wonten ing gadri wetan namung kaadhep putra kepokan satunggal putri umur kawan welas taun, nama Raden Ajeng Marsam, punika putranipun Raden Mas Tandhawijaya. Ing ngriku Raden Ayu lajeng anglairaken ingkang dados kembang ingkang panggalhipun inggih punika jalaran Raden Mas Riyanto sampun tigang dinten boten katingal sowan, namung amempen wonten ing pasanggrahan ing sawetan dalem ingkang kaeletan ing pager banon mawi butulan kori ruji. Raden Ayu lajeng angendika dhumateng ingkang putra, tembungipun, "He, Sam, saiki aku pitakon ing kowe sarta njaluk rembugmu kang prayoga, kambi tutura kang kalayan sabener awit saka wis tetela ing sumurupku yen samengko kangmasmu Riyanta kerep lungan ing wayah bengi ora nggawa batur, ulihe saben wis wayah esuk. Lah iku apa mungguh sing dadi karepe sarta kepriye pratingkahe amarga kowe banget ditresnani sarta iya uga kulina mesthi kowe bisa sumurup utawa bisa nduga-nduga mungguh lungane kangmasmu ing saben bengi mau menyang ngendi pasabane?"

Raden Ajeng Marsam nunten matur sarwi nyembah, tembungipun, "Ibu, dhawuh dalem sadaya wau kasinggihan. Pancen inggih nyata bilih Mas Riyanta saben dalu tindakan boten mbekta rencang punika wiwiritipun watawis sampun wonten sawulan punika. Amung kemawon dhateng ing

pundi tindakipun kangmas wau, adalem dereng saged andugi-dugi amargi yen kangmas adalem takeni wangsalanipun namung mlampah-mlampah kemawon."

Aturipun Raden Ajeng punika boten andadosaken pirenaning pang-galihipun ingkang ibu, mila Raden Ayu lajeng ngendika asemu duka, "Lah, kepriye dene kowe teka nganti kekilapan ora bisa sumurup mungguh klebate karepe kangmasmu? Jer kowe sing kerep sarawungan ing saben dina. Apa gedhemu samono kuwi durung duwe pikiran niat rumeksa ing sadulur? Yen mengkono luwih becik saiki kowe nusula menyang ing pasanggrahan, api-apia yen mentas daksrengeni, mungguh perlune sapisan kowe dakkongkon angulat-ulatake pratingkahe, apa bener mung dolan bae lungane kangmasmu mau? Utawa nduweni karep kapriye, aku njaluk pratitise. Dene kapindhone kowe dakkongkon angleboni atine kangmasmu supaya nuli miturut gelem rabi marga tindake kangmasmu banget nyumelangi, luput-luput bisa dadi jalaran kasengsaraning uripe lan aku kowe kabeh. Tembe yen kowe bisa ngrampungni pakonku mau nganti bisa anelukake atine kangmasmu, mesthi aku bakal nuruti apa ing sapanjalukmu kanthi dakpikir kedadeane awakmu. Nanging kosok baline, yen kangmasmu nganti kadawa-dawa ora gelem nurut utawa nemahi sangsara, mesthi aku ora sudi mikir menyang ing kowe. Ora wurung kowe bakal melu sangsara sarta angrasakake sakehing kasusahan ing salawasmu."

Telas dhawuhipun Raden Ayu, Raden Ajeng Marsam sanalika anjetung boten saged wicanten sakecap awit rumaos kajibahaken saha rumaos yen piyambakipun punika namung putra angkat. Wasana Raden Ajeng nyembah nunten mangkat dhateng ing pasanggrahan.

Kacariyos ing wekdal punika Raden Mas Riyanta nuju ameng-ameng wonten ing patamanan amirsani tetaneman tuwin sekar-sekar ingkang sakalangkung sae-sae mawarni-warni, ananging kala samanten Raden Mas Riyanta saweg sungkawa jalaran boten condhong anggenipun tansah tinantun krama sarta anggenipun kakendelaken ingkang ibu. Ing ngriku Raden Ajeng Sam nunten dhateng, lajeng sami lelenggahan wonten ing korsi tosan. Raden Ajeng nunten matur, tembungipun angasih-asih, "Dhuh Kakangmas, tresna kula ing sampeyan boten karsa kondur sowan ing ngarsanipun ibu, sarta katingal semu sungkawa punika punapa ing-

kang dados jalaranipun? Jer Ibu boten kirang-kirang anggenipun nyarah karsa, sampeyan punika supados sampun nandang prihatos. Mila, punapa ingkang dipunprihatosaken mugi Kangmas karsa nyariyosaken prasajanipun supados kula saged tumut angrasaken."

Raden Mas Riyanta amangsuli, tembungipun, "Sam, muga aja dadi atimu, aku ora bisa mangsuli kang dadi pitakonmu amarga dakrasa kurang perlu ingatase kowe bocah wadon arep melu angrasakake reribed sarta kawajibaning wong tuwa. Nadyan aku sumurup yen karepmu mau metu saka ati suci sarta katresnaning sadulur kang tetep, nanging luwih becik yen kowe ngemungake mikir kuwajibanmu, utawa nyenyeneng atimu, supaya aku melu seneng andeleng ing kowe."

Raden Ajeng Sam matur, "Kangmas, dhawuh sampeyan punika teka kasinggihan, namung kemawon ing sarehne gesang kula kados upami-nipun sekar ingkang taksih kudhup wonten ing epang, upami epang sarta uwit tuwin oyodipun wau alum jalaran kenging ing sabab, sekar wau amesthi tumut alum. Mekaten ugi yen Kangmas tuwin ibu nuju nandang prihatos, kadospundi anggen kula saged angrasaken seneng? Nadyan boten kirang kasenengan pisan. Sami ugi tiyang ingkang gadhah tonggak sripahan, saestu kawastanan nyaleneh yen tiyang wau purun abingah-bingah."

Raden Mas Riyanta angandika, "Apa mulane kowe teka kumudu-kudu arep nyumurupi ing kasusahanku? Awit saka pangowelku marang ing kowe, aja kowe melu ngrasakake sedhih. Ewondene yen enggonmu nyumurupi ing kasusahanku bakal ana perlune utawa ana paedahe mesthi kowe iya dakkandhani, yen ora mundhak bebasan tanpa guna."

Raden Ajeng amangsuli wicanten, "Kula inggih dereng saged anemtokaken yen badhe pamanggih kula saged maedahi utawi boten tumrapping kakangmas. Amung kemawon, kula wau sayektosipun mentas dipundukani ibu jalaran kula kagalih lepat anggen kula boten saged mratelakaken pandangunipun prakawis tindakipun Kakangmas ing saben wanci dalu, sarta pisowan kula punika ugi kautus angulat-ulataken tuwin supados amlimpingi panggalhipun Kakangmas murih Kakangmas enggal mituruti karsa krama kanthi dipunebang-ebang ing ganjaran. Nanging, yen kula boten saged anelukaken panggalhipun Kangmas, kula badhe dipunesotaken. Dhawuhipun ibu wau boten kapareng kula blakakaken ing

Kakangmas, sageda tumuwuh saking rekadaya utawi rembag kula piyambak. Sarehne kula sampun sumerep dhateng kalimpadan sarta weriting penggalhipun Kakangmas, tur rumaos ing kabodhoan kula. Mila, tangreh kula saged gadhah pamanahan punapa-punapa kajawi namung matur kalayan pasaja awit sampun tetela ing sumurup kula bilih tiyang lepas ing budi punika boten saged kenging ing rekadayanipun tiyang bodho. Ananging, yen tiyang bodho ambangun turut sarta ajrih mituhu dhateng ing tiyang saged punika bokbilih angsal kawelasan."

Raden Mas Riyanta lajeng mesem angendika, "Heh, Sam, yen mengkonon gampang pamikirku sarta aku iya banjur bisa anduga yen anggonmu ndhedhes ing kasusahanku mau amarga kowe duwe karep saka karsane ibu, lah iya apa ora?"

Wangsulanipun Raden Ajeng, "Inggih makaten." Raden Mas Riyanta anglajengaken pangandika, "Yen mengkono pitakonmu mung kari-rong prakara, iya iku bab gelemku rabi lan anggonku lunga saben wayah bengi, iya apa ora?"

Wangsulanipun, "Inggih makaten."

Raden Mas Riyanta taksih anglajengaken pangandika, "Nadyan ibu enggone tansah anari rabi, iku iya angemu rasa amarga sujana olehku dolan wayah bengi digalih aku laku ngiwa. Saiki upama aku mrasajakake enggonku lungan bengi kanthi paseksen nyata apa kirane ibu mari enggone nari rabi? Coba mara gagasan dhisik sarta pilihene apa aku prasaja enggonku lungan bengi apa prasaja gelemku rabi?"

Raden Ajeng kendel sakedhap nunten matur, "Tumrap ibu kinten kula bingah yen Kangmas prasaja karsanipun krama amargi watakipun tiyang sujana punika boten saged marem dipunsukani nalar. Mila, saking panuwun kula murih sirnaning sanggarunggi saha kasujananipun ibu, mugi Kangmas karsaa mrasajakaken menggah Kangmas karsanipun enggal krama."

Raden Mas Riyanta lajeng angendika, "Sam, satemene aku iya wis duwe cipta kepengin rabi, nanging sajroning nagara kene daksawang durung ana siji bocah kang daksenengi amarga kang daksenengi yaiku mung putri kang oleh candrane. Sapisan sing alus tindak-tanduke sarta tajem polatane. Ping pindho resep sawangane, anrus sukci bebudene, ora nyipta mangro sedya kajabane-garwa."

Raden Ajeng anyelani atur, "Punapa para kadang putrinipun bangsa luhur inggih boten wonten ingkang kados dhawuhipun Kangmas wau?"

Wangsulanipun, "Yen aku saiki durung nate mrangguli awit para putri-putri kang wis daksumurupi, nadyan bagus rupane"

"Hlo, Kangmas ki, putri kok bagus, putri ngaten rak ayu."

"Nanging saben andeleng ing aku, daksawang mesthi banjur katara salin polatane, utawa banjur katara ing semu tumanggap sarta kawistara goreh pikire. Mungguh solah sarta polatan mengkono iku mratandhani yen wadon asor ing budi, kuwi tumrap aku eneg!"

Raden Ajeng acegeh wicanten, "Ah, Kangmas ki kok siya-siya. Tujune ora ana putri liwat, enggane ana mana gek krungu ngendikane Kangmas mau, baya anggone malerok nganti telung dina," Raden Ajeng taken, "Yen wonten putri ingkang alus mulus ing budinipun kados ingkang kapangandikakaken wau, punapa Kangmas inggih lajeng karsa mundhut garwa?"

Wangsulanipun Raden Mas Riyanta, "Mengko ta, sapisan kuwi. Kaping pindhone kang dakesthi iya iku oleha bocah kang seneng karo aku sing aku iya seneng lan dheweke. Dadi ora mburu senenge atiku dhewe mundhak upama barang tutupan anjinge kanthi peksan, iku tumrap rasaning jejodhoan kurang apsaah."

Raden Ajeng matur malih ataken, "Manawi sampun wonten putri ingkang senengipun timbang kaliyan Kangmas punapa Kangmas enggal karsa mundhut garwa?"

Wangsulanipun, "Mengko dhisik ta, kuwi lagi ketemu madyane. Dene utamane diuwuwi rong prakara. Sing wong tuwane seneng kambi aku sing ibune iya seneng karo mantune."

Raden Ajeng sumela, "Manawi sampun wonten pu...."

Raden Mas Riyanta nyambung, "Hlo, mengko ta rungokna dhisik. Saiki utamaning utama diuwuwi rong prakara maneh. Sing wong tuwane iya seneng menyang ibu, sing ibu iya seneng menyang besane."

Raden Ajeng sumambung, "Dipunwewahi kalih prakawis malih saya prayogi. Sing adhine kana iya seneng menyang adhine kene, sing adhine kene iya seneng kambi adhine kana. Nek wis gek bature, gek tangga-tanggane pisan."

Inggang raka ambekuh, "Hus, kowe ki kok anjlomprongake."

Wangsulanipun, "Harak inggih babar pisan ta, Mas. Dados boten nama ketanggelan, ... hem, Kangmas ki kok aneh. Upama wong arep jejodhoan kuwi kudu nganggo pratikele kangmas mau, kiraku nganti bangka ora klakon laki-rabi. Layak kangmas kuwi antenge ora jamak, hla wong sing digoleki jerone kaya mengkono... Menggah ingkang kapa-ngandikakaken wau kinten-kinten punapa saged kalampahan?"

Ingkang raka amangsuli, "Yen dipikir cethek utawa sinawang kadi ing lair bae, kiraku iya kangelan kalakone. Nanging, yen dipikir jero utawa sinawang ing batin, kiraku bisa uga kalakon karana jembar-jembaring jagad sarta kaelokane kang Mahakawasa iku wis ora kena pisan-pisan cinakrabawa ing manungsa. Ora liwat kabeh tuturku mau aturna panjenengane ibu. Kajaba iku matura yen ibu dakaturi supaya angicalake sanggarunggi utawa nyumelangake mungguh ing tindakku sarta dakaturi pracaya bae."

Raden Ajeng Sam nunten wangsul sowan ing ngarsanipun ingkang ibu, lajeng ngaturaken sapiwelingipun ingkang raka amiwiti ngantos amekasi. Raden Ayu Natasewayang angandika, "He, Sam, kapriye dene kowe dakkongkon kanthi pangebng ganjaran utawa paukuman teka wani tutur kang mung kaya mengkono bae?"

Aturipun Raden Ajeng Sam, "Adalem sampun pitados bilih aturipun putra dalem Mas Riyanta wau temen amargi kajawi putra dalem Mas Riyanta sanggem mrasajakaken bab anggenipun tindakan ing wanci dalu kanthi paseksen nyata. Anggenipun anglairaken purunipun krama wau inggih mawi titikan ingkang netepaken menggah katemenanipun, inggih punika sapisan ngandikakaken yen dereng wonten putri ingkang dipun-senengi. Kaping kalih pamadanipun dhateng para putri ingkang kathah-kathah. Kaping tiga anggenipun mijang-mijang pitakenipun adalem kanthi pratitis sarta anelakaken alusing bebuden tuwin teranging gegalihanipun."

Raden Ayu angandika malih, "Lah saiki sumurupa, yen satemene kabeh wewatone kapracayanmu mau ora liya mung marga saka kagawa ing kabodhoan sarta kethuling atimu. Apa kowe durung sumurup mungguh patrap pangekere wadi, utawa kadursilan salawase wis lumrah nganggo sasap tetembungan becik kang supaya anutupi kadursilane utawa wewadine. Luwih maneh wong sing baut micara, nanging ing

atase kayekten iku wis ora pisan-pisan kena tinitik saka ing pakecapane wong kang angandhut wadi utawa kadursilan. Mula, aku durung pracaya marang kandhane kangmasmu mau. Ora liwat balia maneh tutura yen kangmasmu ora daklilani metu saka ing omah sajrone telung dina. Aku arep ketemu dhewe ing sawanci-wanci."

Raden Ajeng Marsam nunten wangsul malih dhateng ing pasang-grahan. Sasampuning pinanggih ingkang raka lajeng andhawuhaken sapiwelingipun ingkang ibu.

3. KABESMEN

Kacariyos kala samanten anuju ing wanci serap surya, Raden Mas Riyanta katamuan mitranipun anama Raden Mas Duryat. Dhatengipun ing ngriku perlu badhe ngajak Raden Mas Riyanta dhateng ing alun-alun ningali komidhi indhu. Raden Mas Riyanta pancenipun boten purun amargi sumelang bokbilih ingkang ibu rawuh ing ngriku. Ananging, kabekta saking awratipun momong pawong mitra, dangu-dangu Raden Mas Riyanta kapeksa anuruti, lajeng pamitan dhateng ingkang rayi yen badhe dolan sakedhap nunten wangsul. Raden Ajeng Marsam inggih anglilani saha meling wantos-wantos sampun ngantos dangu-dangu.

Enggalipun lare kekalih lajeng sami mangkat dhateng ing alun-alun. Dumugi ing ngriku sampun andher para tetiyang ingkang sami ningali. Kaleresan komidhi wau sampun badhe wiwit. Raden Mas Duryat lajeng malebet, dene Raden Mas Riyanta namung wonten ing jawi kemawon amargi enget pamitanipun dhateng Raden Ajeng Marsam amung sakedhap. Mila, karsanipun Raden Mas Riyanta enggal kondur.

Kacariyos dereng ngantos dangu anggenipun main, lajeng wonten bancana ingkang andhatengi. Bel, dilah ageng ing tengah komidhen amubal. Lajeng anyalat payon geber ing nginggil. Urubing latu katempuh ing samirana-kados kabuncang anyalad ngiwa nengen. Kukus angeses anggembuleng angendhanu. Para tetiyang ningali sami sambat pating jalerit. Wonten ingkang sambat tulung-tulung asalang tunjang uyel-uyelan arebat margi. Sami ambujeng gesang piyambak-piyambak. Wonten ingkang bingung ngupadosi anak semah katalisut. Saweneh

wonten ingkang tumbuk-tinumbuk dhawah kalumah tangi jengkelek kedhupak. Atendhang-tinendhang boten kanten-kantenan solahing tetiyang ingkang wonten salebeting komidhen tuwin ingkang sami tetulung. Urubing lampu saya angalad-alad kados prahara anempuh ing kekajengan pating gropak cumethor jumethot binarung swaraning bendhe tuwin kenthong tiga umyung. Saestu andadosaken giris sarta gugupipun para priyagung tuwin para punggawa pulisi prajurit sami asikep kompa.

Kala samanten Raden Mas Riyanta ngantos kandheg anggenipun badhe kondur amargi sumelang bokbilih Raden Mas Duryat nandhang katiwasan. Ing cipta Raden Mas Riyanta nedya nempuh byat lumebet ing tengah komidhen, ananging sanget kawekaning galih temah lajeng sareh angentosi wonten sangandhaping ringin sengkeran kaliyan pitekur.

4. KETILAPAN

Kacariyos salebetipun lenggah adheleg-dheleg, Raden Mas Riyanta lajeng kaengetan karsanipun ingkang ibu, ciptanipun, "Dhuh kepriye bakal atur wangsulanku yen ibu sida rawuh ing pasanggrahan andangu bab gelemku rabi karana tuturku menyang Sam kena diarani tembung angayawara."

Mak gabrus Raden Mas Riyanta sanget kaget ketumbuk ing satung-giling lare estri kinten-kinten umur kawan welas taun anangis sarwi sambat ngupadosi tiyang sepuhipun katalisut. Lare wau meh badhe dhawah, lajeng dipuncandhangi Raden Mas Riyanta kacepeng tanganipun ingkang tengen. Raden Mas Riyanta sanget welas dhateng lare estri wau, nunten dipunajak medal saking alun-alun. Karsanipun badhe dipuneteraken mantuk dhateng ing pundi griyanipun. Lampahipun lon-lonan malipir ing pinggiripun margi ageng saking ing Galadhag mangaler. Raden Mas Riyanta tansah angengimur dhateng lare wau murih kendel anggenipun nangis, tembungipun, "Wis Adhi menenga aja nangis. Aja sumelang yen kowe ora bisa mulih. Ing ngendi omahmu aku kandhanana, aku mesthi gelem ngeterake."

Inkang dipundangu boten saged mangsuli amargi mandhak sesenggrukan tangisipun jalaran pangandikanipun Raden Mas Riyanta sa-

kalangkung amemalat, temah saya mewahi pangonggo-onggoning manahipun. Menggah lare wau anama Raden Ajeng Sрни putranipun Dipati Pramayoga ing Tamansari, kapernah ing saler wetan salebetipun kitha, katilapan ingkang rama tuwin ingkang ibu wonten ing komidhen.

Raden Mas Riyanta sanget anggenipun anjagi lampahipun Raden Ajeng. Mila, tansah dipuncelaki wonten ing iringan, wonten ing ngajeng tuwin wonten ing wingkingipun amargi saking kathahing kareta tuwin tetiyang ewon sami dhateng ing alun-alun. Raden Mas Riyanta tansah andangu dhateng Raden Ajeng, nama tuwin dalemipun. Nanging, Raden Ajeng boten saged amangsuli amargi saking kuwur tuwin sanget pakewed.

5. ANGLENGGAHI KAUTAMAN

Kacariyos salebetipun lumampah, Raden Mas Riyanta sanget pakewed ing galih, ciptanipun, "Dhuh abot temen rasaning atiku. Hem, yen dakti-lapna amesakake bocah iki. Sapa baya rewange mulih, luput-luput yen tinemu nguwong bisa uga bakal ilang salawase. Yen dakterna menyang omahe, jer daktakoni dununge durung gelem mangsuli kajaba mung sesenggrukan karo katara ing semu rikuh. Nanging iya bener, hla wong bocah wis gedhe. Yen mung manggung ana ing dedalan ora ngener ing omah, luput-luput yen kadenangan ing wong tuwane, bisa uga aku banjur dinakwa ambandhang bocah temon. Temah, aku banjur kena panggrayan ora patut, tur sajeg lagi nembe iki aku sapatemon kambi bocah wadon sing durung dakwanuhi. Yen pitakonku nganti ora anglungguhi suba-sita sarta tata krama, luput-luput aku bakal disaru, temah aku nemu kalingseman. Banjur kandheg enggonku tetulung." Mekaten akathah-kathah pangudaraosing galihipun Raden Mas Riyanta. Wasana pinanggih ing akal. Raden Ajeng Sрни lajeng kaajak kendel malebet ing lesmen kaprenah ing saleripun kareteg gantung perlu badhe angarih-arih anggenipun badhe mitakeni menggah dunungipun Raden Ajeng. Pangan-dikanipun Raden Mas Riyanta, "Ayo Adhi leren ing kene sadhela ngiras angadhang andhong. Mengko banjur daketer mulih."

Raden Ajeng sanget rikuh sarta sanget ajrih dhateng Raden Mas Riyanta. Atur wangsulanipun sakalangkung seret aririh, "Adalem wonten

ing jawi kemawon."

Raden Mas Riyanta angandika, "Ora Dhi, prayogane mlebu bae angombe limun."

Awit saking sangêt ngelak, Raden Ajeng nunten nuruti malèbet. Lajeng sami lenggah ing kursi angajengaken meja. Ingkang gadhah toko enggal ngacarani, ing cipta sanget gumun dene tamu kekalih sami endahing warni kininten bilih sadherek tunggil rama ibu. Raden Mas Riyanta lajeng mundhut limun kalih gelas sampun lumados.

Kacarayos kalanipun Raden Mas Riyanta saweg cetha dhateng warnanipun Raden Ajeng, sanalika anjalenger awit saking gumun amargi Raden Ajeng boten ngamungaken ayuning warni, nanging ugi katingal ing semu sulistiyaning budi tuwin alusing solah bawanipun. Makaten ugi sareng Raden Ajeng sumerap warnanipun Raden Mas Riyanta, sanalika senep raosing galihipun amargi saking gumun dene Raden Mas Riyanta boten ngamungaken bagusing warni, nanging ugi katingal alusing bebuden saha wenesing cahyanipun. Ing ngriku Raden Mas Riyanta lajeng ngatingalaken patrap anoraga awit nginten bilih Raden Ajeng punika putraning bangsa luhur. Mila, angandika santun basa krama, tembungipun, "Sumangga Dara Ajeng kaunjuka, lajeng mundhut punapa malih?"

Raden Ajeng sakalangkung kakenan ing galih mirengaken memalading pangandikanipun Raden Mas Riyanta wau saha katingaling semu ewa mireng anggenipun santun basa krama. Mila, Raden Ajeng saya wewahing rikuhipun, temah boten saged mangsuli, malah lajeng tumungkul sarwi angambet-ambet kacu sutra ingkang dipunasta. Ing ngriku Raden Mas Riyanta sakalangkung ebat saha rumaos kasoran prabawa temah goreh ing galihipun saha sanget ing rikuhipun. Celak malih yen purun, badhe andangu nama dunung kemawon ing pangraos kados binungkem. Saking judheging panggalih temah lajeng ngunandika, tembungipun, "Wong ditari kok mendel bae. Nadyan ora sudi sesanak kambi aku, mbok iya karsa amangsuli saka sakecap!"

Sayektosipun Raden Ajeng Sрни ing cipta sanget welas dhateng Raden Mas Riyanta sarta sanget trenyuh mireng pangunandikanipun wau. Ananging, amargi Raden Ajeng wau kadunungan ambeging putri utama, mila sadangunipun tangeh yen karsa angatingalaken ing semu tumanggap. Malah sinamun ing semu tumumbuh, sarwi mire sinamun

aningali gambar-gambar ingkang katingal ing ngriku, perlu kangge anasapi menggah kaonenganing panggalihipun, ciptanipun, "Sajeg aku durung tumon wong bagus alus teka sapolahtingkahe kaya wong iki. Mung sathithik kuciwane kok rada cugetan, nanging kok malah pantes."

Raden Mas Riyanta saya pegel panggalihipun, rumaos boten kapaelu. Ananging, amargi raden Mas Riyanta kadunungan ambeging satriya linangkung mila lajeng sajak boten dipunraosaken, ciptanipun, "Sajeg iya lagi tumon iki ana bocah wadon tumbuh menyang aku. Tetela yen werit budine. Sapolahtingkahe agawe rimang. Mung sathithik kuciwane kok rada nyenyengit. Lah iya sing kaya mengkono kuwi sing daksenengi."

Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng malebet ing kolah ingkang sumadhiya perlu turas. Raden Ajeng lenggah ing kursi piyambak. Ing panggalihi sanget tumalawung. Nunten kaengetan dhateng ingkang rama tuwin ingkang ibu. Temah kados ginugah rudatosipun amargi badhe kondur piyambak ajrih. Ananging yen ngantos kalampahan numpak kareta kaliyan Raden Mas Riyanta anyipta badhe kados punapa kadadosanipun.

Kala samanten Raden Ajeng Srini lajenmg mireng swaraning salompret inggih punika salompreting karetanipun ingkang rama. Jenggirat enggal medal ing jawi kalayan ongak-ongak margi. Ing kidul katingal wonten kareta lumampah rakitan teji. Sareng sampun celak Raden Ajeng boten pandung yen punika karetanipun ingkang rama, enggal angadhang sarwi angudhuh, "Mandheg!" Kusir inggih boten pandung dhateng bandaranipun. Kareta lajeng kaendhegaken. Raden Ayu Pramayoga sakalangkung kaget aningali ingkang putra amargi boten anginten. Raden Ajeng Srini sakalangkung cumeplong ing galih. Enggal narancag ing kareta angrungkebi pangkoning ibu sarwi muwun sesenggrukan. Raden Ayu anenggak waspa lajeng angengimur. Kareta sampun kalajengaken terus ing dalem Tamansari.

6. RANGU-RANGUNING PANGGALIH

Kacariyos ingkang wonten ing salebeting kolah, sapengkering kareta, Raden Mas Riyanta enggal medal badhe wangsul lenggahan malih nedya

andumugekaken anggenipun andangu, nanging Raden Ajeng sampun boten wonten. Sanalika Raden Mas Riyanta kumelap ing galih, lajeng andangu dhateng jongos, dhateng ing pundi lare wau. Menggah atur wangsulanipun jongos makaten, "O, Bendara, dereng dangu punika wau wonten swaraning salompret kareta. Rayi dalem enggal medal kados badhe angadhang. Sareng kareta ingkang mawi slompret wau sampun celak, rayi dalem lajeng ngawe-awe kalayan nguwuh mandheg. Sasampuning kareta mandheg, rayi dalem nunten narancag kaliyan muwun, sambatipun ibu... ibu... makaten. Kareta lajeng katerusaken mangaler. Kula boten sumerep lajengipun."

"Rakitane apa?"

Wangsulanipun, "Rakitanipun kalih teji cemeng ageng-ageng."

Raden Mas Riyanta angandika, "O, iya uwis, sokur yen diajak ibu."

Aturipun jongos, "Hlo, adalem kok radi gumun dene rayi dalem tuwin ibu dalem boten karsa ngentosi panjenengan dalem?"

Wangsulanipun Raden Mas Riyanta radi blekak-blekuk, "O, ak... anu kok, iki mau dhiajeng ditiitipake sibu marga arep melu jagong penganten. Bapak ora pareng. Aku banjur didhawuhi ngajak nonton komidhi. Bareng kobongan iku mau, dhiajeng banjur dakajak mulih. Wis ta gilo bayare!"

Menggah pangandikanipun Raden Mas Riyanta ingkang makaten wau namung kangge samudana sampun ngantos kadugi yen manggih putri. Raden Mas Riyanta enggal medal saking ngriku kalayan gegancangan. Nunten, numpak kareta sewan terus mangaler anututi karetanipun Raden Ajeng wau. Ananging, kapalipun kareta sewan sanget kera tur alit-alit. lampahipun sanget rendhet. Raden Mas Riyanta sakalangkung pegel ing galih, pangandikanipun, "Ayo Sir dikebut. Bandhangna!" Kusir lajeng nyamblegi kapalipun, malah garanipun sambuk kangge anggebagi, nanging kapalipun malah mogok. Raden Mas Riyanta sanget eram kamoran welas ningali wujud kapal sangsara. Nunten mandhap kalayan ngandika, "Wis... wis... Sir... wis.... Jaranmu aja kopilara, nya bayare."

Raden Mas Riyanta lajeng mupus panggalihipun. Lajeng kondur. Lampahipun lon-lonan, nanging panggalihipun taksih sanget cuwa, ciptanipun, "Hem, sajeg lagi iki aku ngrasa nandhang kapitunan gedhe."

Dhuh wong nyengit teka banjur ngoncati. Ora timbang temen kambi enggonku nedya tetulung. Lah genea teka andadak daktinggal nyang kolah. Hem, thim iya uwis. Wong ora gelem dieter dikapakake. Ora dadi ngapa jer wis katemu karo wong tuwane. Mung mangkel ing atiku kok aku ora weruh dhewe. Iya yen bocah mau nyata digawa wong tuwane, dene ora? Dhuh gek kapriye, eman-eman yen nganti cinamah ing liyan." Makaten lajeng kendel kalayan anjengingat, "Hlo, kingko gek didhelikake jongos mau, dipelet luwih mandi, dhuh... dhuh... nyawa kaya apa kedadeane. Aku ora kuwat ngrasakake, apa klakon dakbaleni? Nanging, yen dakgagas teka ngisin-isini temen!" Akathah-kathah panggagasing panggalhipun Raden Mas Riyanta. Sakedhap muntap sakedhap pinupus. Salebetipun lumampah ngantos boten enget yen wonten ing margi. Byar enjing saweg dumugi ing dalem pasanggrahan.

7. NYATA SUCI

Amangsuli cariyos ing ngajeng, kalanipun Raden Ajeng ketilapan ingkang rama ibu wonten ing alun-alun, Kyai Dipati amadosi namung kadherekaken abdi kenek. Ingkang garwa kadhawuhan kondur rumiyin anitih kareta kaliyan putra angkat satunggal estri umur sadasa taun nama Raden Ajeng Nestri. Raden Ayu Pramayoga lajeng pinanggih kaliyan ingkang putra kados ingkang sampun kacariyosaken ing ngajeng. Dene anggenipun madosi, Kyai Pramayogi ngantos dumugi bangun enjing boten pinanggih. Lajeng kondur ing dalem Tamansari kalayan angembeng sungkawa. Sarawuhipun ing dalem ingkang garwa taksih agentosi lenggah wonten ing pandhapi. Ing ngriku Raden Ayu lajeng wewartos dhumateng ingkang raka bab pinanggihipun Raden Ajeng Sрни. Kyai Pramayoga sanalika angglong panggalhipun lajeng andangu dhumateng ingkang garwa makaten, "Ibune, hla kandhane anakmu mau kapriye dene teka nganti jebul ing kono?"

Atur wangsulanipun Raden Ayu, "Saka kandhane gendhuk dhek mau arep anggendholi saliramu, nanging banjur katilapan marga kesuk ing wong akeh. Dheweke banjur nyidhat metu tengah ringin kurung. Ana ing kono banjur numbuk wong lanang nonoman lagi linggihan, nanging

kandhane ora pati cetha margane Sri teka ngomah banjur rewel. Tuke nangis lagi meneng iki mau dikeloni bakyune."

"Apa Sрни isih melel?"

"Isih."

"Mara undangan."

Raden Ayu lajeng animbali ingkang putra, "Dhuk... Dhuk... Sрни."

"Apa, Bu?"

"Gilo bapak wis kondur."

Raden Ajeng saweg layap-layap badhe sare anjangginggat lajeng wungu gurawalan amethuk ingkang rama.

Kyai Dipati lajeng angandika kalayan anggeblegi ingkang putra, "Dubilah, ambakna bocah kok ngentekake ati. Kowe mau menyang ngendi?"

Wangsulanipun Raden Ajeng amiwiti amekasi. Inkang rama andangu malih, "Sing ngajak kowe mau sapa?"

Wangsulanipun, "Embuh ta jenenge."

"Apa kowe ora takon?"

"Mesthine aku arep takon rak iya isin ta, Pak. Nanging, anu Pak, bareng ana ing lesmen priyayi mau bareng weruh aku banjur basa. Ing mangka dhek maune ngoko."

"Piye... piye... olehe celathu kepriye? Mara tirokna."

"Sumangga Dara Ajeng kula aturi ngunjuk. Lajeng mundhut punapa malih? Nanging, aku meneng bae awit aku mandhak isin."

"E, hla wis ora genahaneya kowe kuwi. Kathik wong ditawani kok meneng bae kuwi jenenge nyerikake ati. Hla apa priyayi mau ora takon jenengmu sarta omahmu?"

"Iya takon dhek mau, nanging aku ora mangsuli."

"Wo, hla bocah apa kowe kuwi. Dadi kotinggal mau sida durung weruh jenengmu sarta omahmu?"

"Durung."

"E, wis ora karuwaneya. Kathik gedhemu semono dibeciki nguwong, ditulungi nguwong kok ora weruh. Pirang bara gapyak takon utawa matur nuwun, utawa kepiye-kepiye. Hla kok jebul ambisu bae! Karana priyayi mau mesthi wong becik, tandhane tansah anglungguhi tata krama, rumeksa ing kowe. Ora gelem nyawiyah. Dadi, aku ki kepotangan

becik karo wong, nanging ora karuwan uwonge. E, hla muga wong mau nemu begja."

Anggenipun ngandika Kyai Dipati wau kalayan leganing panggalih amargi nitik aturipun ingkang putra. Sang Dipati lajeng saged andugi bilih jejaka ingkang manggih wau tetela sukci ing manah tuwin ingkang putra terang yen werit ing budi. Kyai Pramayoga ngandika malih, "Mungguh sesawangane priyayi mau wong cilik apa bendara? Apa priyayi gedhe?"

Wangsulanipun Raden Ajeng, "Yen sawangane wis genah yen priyayi gedhe."

"Hlo, kowe kok bisa ngarani mengkono?"

"Iya, marga kajaba saka sesawangane, iya ketara saka pangagemane sarung parang rusak, klithik ngagem cripu, jas putih, karset emas. Mainane nganggo mripat barleyan. Kalung cal sutra kadhal menek."

Raden Ayu Pramayoga sanget suka sokur lajeng anggegarapi, pangandikanipun, "Enggane bisa katemu maneh karo priyayi mau, kowe dakngengerake iya gelem, Sri? Priyayine bregas apa ora?"

"Ah, Sibu ki kok ngono. Aku suthik nek dingengerake!"

"Sababe?"

"Mengko aku mundhak dicara batur."

"Hlo, batur mono rak akeh. Lire, batur raka. E, yen batur sinelir raka iya kepenak."

"Ah, Sibu ki kok ngono. Aku suthik ngrungokake!" Kyai Dipati tuwin Raden Ayu sami gemujeng latah-latah. Raden Ajeng nunten lumajeng dhateng ing dalem.

8. TEMAH DEDUKA

Kacariyos ing dalem pasanggrahan wanci byar enjing Raden Ajeng Marsam taksih sare amargi anggenipun ngajeng-ajeng ingkang raka ngantos dumugi bangun enjing meksa dereng kondur. Kala samanten Raden Ayu Natasewayaya nuju rawuh ing ngriku karsa ameng-ameng wonten patamanan kaliyan badhe pinanggih ingkang putra. Ananging, Raden Mas Riyanta pinanggih sepen, lajeng nimbali Raden Ajeng Sam

sampun wungu. Raden Ajeng lajeng andangu dhateng ing pundi Raden Mas Riyanta. Raden Ajeng Sam sanget geter ing manah, ngantos dangu boten saged mangsuli, ciptanipun, "Dhuh cilaka temen awakku. Teka Mas Riya nganti yah mene ora kondur. Baya menyang ngendi, kepriye tukku matur!"

Radèn Ajeng kapeksa lajeng matur bilih ingkang raka kala wingi pamitan kesah sakedhap kaliyan tamu, nanging ngantos dumugi enjing punika dereng kondur. Raden Ayu sanalika sanget duka, pangandikanipun, "Heh wong baring. Kalingane kowe dudu anakku. Tanpa tuwas tukku anggedhekake. Sebab apa kowe wis dakweling daktuturi, teka wani nglilani lunga kangmasmu!" Tembung "kangmasmu" punika taksih radi andadosaken asreping manahipun Raden Ajeng. "Apa kowe ng lindur, he, Sam? Kathik ana bocah kaya kowe! Eeh, judheg aku yen anggagas kowe! Hem, yen durunga dakkandhani memper! Balik wong wis dakwanti-wanti, wis dakgendhing, dakkelingi kok dadi mengkono. Sam, coba aku tuturana, kepriye karepmu? Apa kowe bungah yen kangmasmu royal? Apa kowe durung weruh yen wong royal kuwi parane mung menyang rusak?"

Akathah-kathah dedukanipun Raden Ayu Natasewayaya dhumateng ingkang putra. Raden Ajeng ngantos muwun sarta boten saged matur sakecap. Lajeng katungka Raden Mas Riyanta dhateng anjujug ing ngriku, boten nginten yen ingkang ibu sampun lenggah. Mila, sanalika geter sarta ngungun aningali pamuwunipun ingkang rayi nginten bilih dipundukani ingkang ibu. Raden Mas Riyanta lajeng lenggah ing kiwanipun ingkang ibu kalayan katingal ing semu kacipuhan, nanging lajeng sumalondhoh ataken dhateng ingkang rayi, "Wong esuk-esuk kok wis nangis ana apa ta, Sam?" Raden Ajeng mendel kemawon. Raden Mas Riyanta lajeng matur taken ingkang ibu, "Ana apa ta, Bu, Sam kok nangis?"

Raden Ayu sanget ewa ningali dhumateng ingkang putra awit saking agenging kasujananipun. Inggang putra kininten kagungan pepingidan. Raden Ayu nyat jumeneng saking palenggahan lajeng kondur ing dalem kilen kalayan taksih katingal ing semu pungun-pungun, Raden Ajeng marsam boten kantun. Raden Mas Riyanta sanget puteg-ing galih, ciptanipun, "Hem, awakku ki lagi kenangapa? Bocah dhek mau bengi,

Sam, Ibu kang padha daktresnani, daktakoni kabeh wis padha ora sudi mangsuli."

Sareng Raden Ayu sampun rawuh ing dalem, lajeng dhawuh dhateng Raden Ajeng Sam andangu dhateng Raden Mas Riyanta. Punapa sawlingipun sampun kamot sadaya. Raden Ajeng Sam nunten wangsul dhateng ing pasanggrahan pinanggih ingkang raka taksih lenggah wonten ing gadri adheleg-dheleg semu puteg. Raden Ajeng aturipun pegad-pegad, "Mas, kula kautus ibu andangu kala wingi Kangmas pamit sakedhap teka ngantos sedalu boten kondur punika tindak dhateng pundi? Dhawuhipun ibu, yen Kangmas boten karsa balaka badhe dipunkendhelaken salaminipun. Yen pasaja (prasaja) badhe dipunngapunten, nanging yen goroh badhe dipunupatani."

Raden Mas Riyanta dangu boten saged mangsuli amargi ciptaning galih, "Yen aku tutur pasaja, ora wurung bakal didukani. Marga saka sujanane mesthi bakal ora pracaya mungguh enggonku mung tetulung dhek mau bengi. Nanging, yen ora pasaja iya nemu kaluputan, tur kena ing dakwa ora becik." Raden Mas Riyanta lajeng angandika, "Sam, satemene wangsulanku pasaja utawa ora tumrapping ibu padha bae. Lire, aku kandha pasaja iya bakal dadi duka, ora pasaja iya dadi duka. Yen prayogane, sarehning wangsulan rong prakara padha bakal nuwuhake deduka, mula wangsulan mau ora daklairake bae supaya ibu ora dadi duka."

Raden Ajeng mangsuli, "Mangke ta, Mas. Menika kirang sakeca namnipun amargi aturan kados makaten menika boten kenging dipunraosaken."

Raden Mas Riyanta anjawab, "Lah pancen iya mengkono karepku merga perlu apa dirasakake yen bakal wangsulanaku rong prakara padha ora kapenak?"

Aturipun Raden Ajeng, "Inggih leres. Upami ibu kenging dipunaturi sampun ngraosaken. Balik karsanipun ibu kedah-kedah ngraosaken kados pundi anggen kula mambengi. Destun kula malah dipundukani, utawi boten wande kula taksih badhe kautus andangu malih."

Jawabipun Raden Mas Riyanta, "Nadyan aku iya ora bakal selak, utawa ora andhandhang dukane ibu, nanging enggonku ora gelem mangsuli mau rak wis dadi sawijining panulak aja dadi wahananing deduka."

Raden Ajeng kaken ing manah, "Oh, kula mumet, Mas. Yen kula ngraosaken dhawuh sampeyan. Kula ngantos boten ngretos. Cekakipun kula nyuwun wangsulan ingkang gampil mawon. kangmas karsa pasaja punapa boten?"

Wangsulanipun, "Hlo, sareh dhisik ta, Sam. Sareh, aja notol. Rembugan mono rak iya jing kepenak. Rasakna dhisik ta. gagasen, kabeh-kabeh ora kepenak. Pasaja didukani, ora pasaja ya didukani, apa dene maneh ora mangsuli. Mula, kapriye saka panemumu aku warahana."

Raden Ajeng sareh amangsuli, "Samengke sakecanipun makaten kemawon inggih Kakangmas, inggih Daramas wong"

"Hus, kok sembranan."

Raden Ajeng radi nyelak abebisik, "Samangke prayogi blaka kemawon mangke gampil kula ingkang nimbang pakewedipun. Dene mangke yen sakinten boten sakeca rak temtu boten kula aturaken ibu. Ambok cekek mangke rak kula lampahi dora sembada. Perlunipun ibu saged dhangan tur boten duka, Kangmas inggih sekeca."

"Hlo, ah, emoh. Jare kandhamu mau nek goroh arep disepatani, saiki kowe saguh arep matur dora sembada. Kowe ki pancen baut rembugan, Sam. Aku iya mathuk saka panemumu kuwi, na kae mengko dhisik ta, nek dakgagas-gagas kok iya kaya kurang perlu aku carita menyang kowe. Wis ta, saiki ngene bae, matura yen saiki aku durung bisa mangsuli. Sesuk utawa emben bae"

"Uuu..., Kangmas ki kok ngono. Mengko ora wurung rak iya aku sing dienggo tiban. Kangmas ki kok, ta, cobu dipungaliha (dipun-galiha), Kangmas welasa dhateng kula. Awit yen makaten menika mangke boten sande kula kadakwa damel-damel, utawi ngalang-alangi margi sampun kadenangan anggen kula nglilani Kangmas kala wingi. Sinten ta ingkang ketiban dhong? Gene dhek mau kok iya ora karsa andukani salirane!"

"Kowe mau kok nangis dikapakake ta, Sam?"

Wangsulanipun santak, "Nopok, wong mung dithothoki, diujar-ujari, diundhat-undhat. Wis gerang ora genah. Kowe dudu anakku. Ilang bae tukku ngingoni!"

Raden Mas Riyanta welas ningali ingkang rayi kumembeng waspanipun. Raden Ajeng nunten dipunrerapu ing tembung-manis, "Ah, emoh nek ngono. Kowe ki rak adhiku temenan. Aja pisan-dukane ibu

kotampani serik. Kuwi rak mung lair bae. Sumurupa, dhek kowe isih bayi olehe ngitik-itik, olehe ngudang-ngudang ibu menyang kowe, wis ta wis, cekake tresnane ibu nyang aku karo kowe kuwi ora ana bedane."

Raden Ajeng lejar ing manah lajeng matur, "Inggih ta, hla samangke kados pundi? Menapa Kangmas inggih condhong atur kula wau? Cobi kula aturi ngendikakaken. Dhateng ing pundi tindakipun kala wau dalu? Sampun pisan mawi rikuh utawi pekewed. Cobi ta, sampun kok mendel kemawon mindhak kula tumut sedhih! Upami, E..., Sam, aku mau bengi mung mlaku-mlaku, bola-bali ana ing nglurung kono bae sawengi aku iya betah! Utawi, aku mau bengi mlancong nyang alun-alun anggoleki si"

Inggang raka duka, "Hara... hara..., rak andaleming maneh ta. Aku gething ta, Sam nek kowe ngono kuwi. Dadi, aku kosungguh duwe sobat wong urakan ana alun-alun apa mengkono? Utawa bola-bali ana nglurung kono betah sawengi kuwi apa wong nglindur?"

Raden Ajeng gumujeng ambekuh, "Ah, inggih sampun ta yen boten. Wong kene ki gur ala nganggur bae kok Kangmas ki duka! Cekakipun yen sadaya wau boten, hla samangke kadospundi, ta? supados kula enggal lega. Sampun ngantos kedangon, kula mangke selak dipunajeng-ajeng ibu."

Raden Mas Riyanta ngandika, "Mula enggal matura, cekake mengko sadhela engkas aku daksowan dhewe."

"Yektos?"

"Iya!"

"Mengko Kangmas ki gek ora? Sesuk gek tindakan maneh sawengi."

"Hlo, aku ki gregeten ta, Sam nyang kowe. Kok pijer ngajak sasembranan bae! Nek wis kingko gek dawa rembuge ngecuwis! Pancen kowe ki baut dadi telike ibu."

Sareng Raden Ajeng kapethek mekaten lajeng mundur palarasan saha lajeng mangkat sowan ing ngarsanipun ingkang ibu angaturaken sadaya sawelingipun ingkang raka, boten angirangi boten amewahi. Awit saking punika, Raden Ayu sanget angajeng-ajeng pisowanipun ingkang putra. Ananging, ngantos kalih dinten Raden Mas Riyanta meksa boten sowan. Raden Ayu Natasewayaya saya sanget sujananipun, lajeng maringi serat dhateng ingkang putra, suraosipun makaten,

"Riyanta, kajaba saka tuture Sam, aku weruh dhewe yen saiki kowe wis tetela anglirwakake pituturku, sarta saya andalarung enggonmu anduweni adat kang ora patut. Wuwuh-wuwuh kowe wis ora gelem katemu aku. Lah saiki kapriye sing dadi karepmu? Apa kowe ora eling menyang leluhurmu? Utawa wong tuwamu swargi? Wasana aku wis ora bisa pitutur maneh. Yen tekadmu kaya mengkono bokmanawa aku ora tutug enggnku momong ing kowe!"

9. LOLOS

Kacariyos satampinipun serat punika Raden Mas Riyanta saksana kendel anjegreg, boten mobah boten mosik. Raosing panggalhipun ajudheg, abunel, asingkel, apegel, acuwa tuwin angonggo-onggo. Ciptanipun, "Ee... teka nganti kedawa-dawa lelakon iki. Kasujanane ibu saya andadi. Wis ora kena daksabarake. Apa aku klakon pasaja? nanging, dakkira iya durung andadekake mareming panggalihe ibu jer bocah dhek wingi bengi ora karuwan jenenge lan omahe. Wosing prakara, yen aku ora nuli bisa katemu karo bacah dhek wingi, embuh bae kang dhisik nyupet lelakon.

Kala samanten amarengi wanci bangun enjing. Raden Mas Riyanta lajeng karsa lolos. Lampahipun amung anut garenjeting galih. Ing cipta boten nedya kondur yen dereng pinanggih kaliyan sang dyah ingkang murca saking lesmen. Menggah tindakipun Raden Mas Riyanta wau mawi anilari serat katempelaken wonten ing pipining kori pasarean.

Enjengipun Raden Ajeng Marsam sampun dhateng ing pasanggrahan kautus ingkang ibu anuwani sarta andangu dhumateng ingkang raka. Wiwit malebet ing dalem, Raden Ajeng sampun karaos boten eca ing galih. Sareng badhe malebet ing kamar pasareanipun ingkang raka, sanalika kaget sumerep serat ingkang tumemplek ing pipining kori wau. Serat lajeng winaos. Menggah suraosipun mekaten:

"Sam, yen lungaku slamet kowe bakal bisa ngrungokake caritane lelakonku dhek wingi bengi. Nanging, yen ora slamet, nadyan bareng bujading jagad tangen kowe bisa ngrungu sawaraku maneh."

Sasampunipun maos, Raden Ajeng Marsam dereng pitados yen ingkang raka lolos amargi sinengguh gegujengan kemawon. Ing ngriku kori lajeng dinedel sampun menga. Raden Ajeng nunten malebet ing kamar kaliyan anguwuh, "Mas... Mas... Mas Riya," nanging boten

wonten swara punapa-punapa. Korining cendhela lajeng dipunengkaken. Ing ngriku Raden Ajeng sumerep sarung tuwin rasukanipun ingkang raka ngalumbruk wonten ing jobin. Lajeng anitik tilas anggenipun mentas dandos ingkang raka katingal wonten jungkat tuwin sikat gumalethak, kaca tuwin dilah. Raden Ajeng saweg karaos ing galih bilih ingkang raka sampun lolos kala ing dalu. Sanalika Raden Ajeng kados linolos bayunipun lajeng ngalesot asendhen ing pojoking kamar kalayan amuwun ririh aringik-ringik, ciptanipun, "Dhuh kangmas sadulurku, teka tega temen aninggal awakku kang bakal cilaka salawasku. Dhuh, saiki wis teka cilakane awakku. Kaya apa bae bakal dukane ibu. Beja-bejane awakku digedhong telung sasi kambi diujar-ujari nganti entek amek. Dhuh, Mas Riya lunga bae ora kekandhan. Upama weruh amesthi aku suthik keru. Perlu apa aku urip tansah digawe tiban kambi dikuya-kuya salawasku." Makaten Raden Ajeng muwun kalayan sesambat, "Dhuh, Mas Riya aku melu. Sapa baya kang dakngengeri!"

Pangagemanipun ingkang raka tansah dipunsawang katingal ngalumbruk amelas asih kados tumut anangisi sarwi sesambat supados dipunagema malih kaliyan Raden Mas Riyanta. Punika amewahi trenyuhing panggalhipun Raden Ajeng. Jungkat, sikat gumalethak kados belasungkawa asemu nguwuh-uwuh, "Raden Mas Riyanta saiki wis ora ana!"

Kucing gandhik malumpat ing candhela saking ing jawi adamel kaget, kininten Raden Mas Riyanta malumpat jebul kucing ngeyang-ngeyong kekosot ing Raden Ajeng kados ngupadi bandaranipun sarta sesambat luwe nyuwun tedha. Punika amewahi emenging galhipun Raden Ajeng.

Swaranipun peksi gagak mencok ing galugu agoak-gaok anumusi ing raosing panggalhipun Raden Ajeng temah tumalawung. Enget warinipun ingkang raka kados katingal kumledhang tumoleh angentosi. Peksi emprit ganthil swaranipun prit... thal... prit... thil alamat-lamat ing awang-awang kados suka sumerep yen Raden Mas Riyanta sampun tebih purugipun sarta sampun boten wangsul. Punika amewahi ngeresing panggalhipun Raden Ajeng kados rinujit. Awit saking tresnanipun dhate ingkang raka, samukawis ingkang tiningalan saha ingkang sok dipunambah ingkang raka sadaya tansah anggugah karanta-rantaning

panggalihipun Raden Ajeng. Pamuwunipun angelolo, Eluhipun taro-cosan lajeng katungka rawuhipun ingkang ibu kalayan anguwuh, "Endhuk, Dhuk..., Sam,"

Raden Ajeng boten amangsuli. Sareng Raden Ayu malebet ing kamar saksana kaget aningali Raden Ajeng Marsam ngalesot kalayan mingseg-mingseg angusapi eluh. Raden Ajeng enggal rinangkul kaerih-erih sarta kadangu sababipun muwun. Raden Ajeng matur yen ingkang raka lolos. Raden Ayu dereng karaos yen kecalan putra, ugi anginten namung geperohan kemawon, lajeng angendika, tembungipun amemala, "Wis, Dhuk aja kogagas. Kareben kangmasmu lunga, kareben purik, mangsa ora muliha. Wis aja kotangisi. Ayo mulih."

Raden Ajeng amogok kemawon. Raden Ayu sanget welas dhateng Raden Ajeng, nunten angandika malih, "Kowe aja sumelang, aku rak duwe kuwanuhan dhukun pinter. Bisa muter giling wong lunga. Mengko dakundange, dakkone muter giling." Raden Ajeng nunten dipunkanthi kabekta kondur ing dalem kilen. Para abdi sami andikakaken nuguri ing pasanggrahan awit saking susahing panggalihipun Raden Ayu tuwin para abdi santana sadaya. Kala samanten ing dalem Natasewayan ngantos anyenyès kados mentas kasripahan.

10. TAKSIH SALEBETIPUN PEPETENG

Kacariyos kala sapengkeripun Raden Mas Riyanta, Raden Ayu Natasewaya lajeng utusan ngupadosi ing salebeting kitha. Ing pundi adat pasabanipun Raden Mas Riyanta dipunpadosi, sadaya pinanggih sepen. Sawenehing juru peteng cariyos yen purugipun Raden Mas Riyanta ngaler ngilen. Raden Ayu inggih lajeng nyebar tetiyang dhinawuhan anglacak purugipun Raden Mas Riyanta. Ananging, sadaya sami boten angsal damel. Sareng sampun watawis setengah wulan Raden Ayu lajeng enget dhateng mitranipun swargi ingkang raka ingkang anama Dipati Pamrayoga, inggih punika ingkang rama Raden Ajeng Sрни ing Taman-sari. Raden Ayu lajeng utusan animbali mawi kapethuk ing kareta. Dipati Pramayoga sagarwa putra lajeng sami sowan.

Kala samanten amarengi ing wanci sonten, Raden Ayu Natasewaya pinarak ing dalem gadri wetan. Dipati Pramayoga sagarwa putra

sampun sami dhateng. Raden Ayu Dipati tuwin putra kekalih terus marak ing ngarsanipun Raden Ayu. Sang Dipati lenggah wonten ing pandhapi. Boten dangu tumunten katimbalan malebet. Raden Ayu Natasewayaya katingal suka pirenaning galih angacarani tamunipun. Ing ngriku lajeng satata lenggah. Raden Ajeng Marsam angadhep celak Raden Ajeng Srituwin Raden Ajeng Nestri. Ing ngandhap para abdi emban, para nyai, tuwin abdi pandherek. Sasampuning bagya-binagya Raden Ayu Natasewayaya lajeng angandika, "Kakang, anane saliramu sakloron dakaturi mrene, kajabane aku kangen, iya ana perlune sathithik."

Raden Ayu Pramayoga sumambung, "Gusti, adalem inggih sanget kangen. Watawis dereng dangu adalem inggih mentas raosan kaliyan pun kakang badhe sowan mriki. Ananging, sareng badhe mangkat lajeng boten estu amargi pun kakang angot napasipun."

Kyai Pramayoga punika kagungan sakit napas, ananging sakalangkung cucut yen ngandika anggumujengaken, lajeng sumambung kalayan watuk-watuk. Tanganipun ingkang kiwa asedhuwa, ingkang tengen anyandhak kecoh.

"Uh... uh... uh..., o..., Gusti, adalem menika wau rak pancen dereng saged sowan. Hem, saking menapa napas tansah ngangsur, mila inggih hem..., hem..., uh..., uh..., uh...."

Inkang rayi anoleh lajeng angandika, "Hara pake kingko rak pijer gowak-gowek bae!"

Raden Ayu sumambung, "Kareben ta Bakyu, kapriye hla wong lagi mangsane watuk, dikapakake? Apa saliramu karsa ngunjuk pokak ta Kakang? Kareben rada anget. Kae Sam." Raden Ajeng Sam sampun anggraita enggal angingakaken lemari, lajeng angedalaken plenthuk tuwin gelas. Nunten lumados. Gelas sampun dipunilingi punapa dene wedang tuwin dhaharan.

Kyai Pramayogi katingal rahap. Lajeng anyandhak gelas kalayan wicanten, "Hla, gilo Ibune, iki apa ora prasasat kaya Prabu Baladewa kalane arep nyirnakake mungsuh kadang dhewe?"

Raden Ayu Natasewayaya andangu, "Sapa Kakang?"

Wangsulanipun, "Anu, Gusti, sang Arya Wresniwara. Menika ta yen lampahan 'Alap-alapan Setya Boma'. Wah punika adalem remen piyambak Gusti amargi Prabu Baladewa inggih mawi ngunjuk." Gelas lajeng

kaunjuk, pangandikanipun, "Tobat-tobat ibune nyamlenge pokak iki bobote lagi entek sagelas pangrasaku kok wis kaya sang Kapiwara Anoman kalane dinuta sang Prabu Rama nyang Ngalengka."

Inggang garwa amangsuli, "O..., nek kaya Anoman duta isih kenomen Pakne!"

Pangandikanipun Kyai Dipati, "Hla apa kaya Prabu Sugriwa? Utawa Subali kalane mikut mungsuh ing guwa Kiskendha?"

Wangsulanipun, "O..., iya isih kebrengas, Pakne!"

Pangandikanipun Kyai Pramayoga, "Hla kaya sapa? Kabeh-kabeh kok durung memper!"

Wangsulanipun, "Nek patute kaya Kapi Jembawan."

Inggang raka mesem angandika, "E..., hla kurangajar kowe kuwi! Kathik ana bregase kaya ngene dipadhakake kethek bangkok bae!"

Raden Ayu Natasewaya sanget karenan mirengaken anggenipun gegujengan Kyai Dipati kaliyan inggang garwa, lajeng ngandika, "Kuwi, Sam gelase ejogana maneh. Mula anu Bakyu, nek suwe ora ketemu ki sok dakarep-arep daksemantakake. Kok Kakang Dipati ki suwe temen ora rene-rene. Awit sing dakkangeni iya nek carita wayang ngono kuwi." Raden Ajeng Sam angilingi gelas. Raden Ayu tansah angandika, "Hla rak ya ngono. Mengko uwakmu rak banjur suluk."

Kyai Pramayoga ngandika, "O..., Bandara Ajeng ki ora menengi swargi biyen. O..., piye ta Ibune, biyen swargi Kangjeng Pangeran kuwi iya ngono. Nek aku sowan diajak lenggahan ing gedhong panyeratan iya karo kang garwa iki. Mandhak gustimu ki iya karsa ngladeni piyambak. Kangjeng ngasta gender, aku sing suluk. Wah, hla kuwi gubyes nganti ketug wengi, terkadang nganti teka byar esuk awit dhek samana kraton iya lagi wiwit-wiwite angudi wuwuhing gendhing-gendhing, laguning suluk-suluk, pakem-pakem sarta beciking yeyasan wayang. Mangka para luhur wis ora ana sing ngungkuli sagede kaya swarga. Tingarah apa sing diasta amesthi becik. Aku nek ngrasakake sok nganti judheg, eeh..., Gusti ki menyang samubarang kok sarwa mumpuni. Dene enggonku kasihan biyen marga saka dhemenku suluk."

Inggang garwa anyelani, "Pak, genea kowe saiki wis mari dhemen suluk?"

Wangsulanipun, "O..., kepriye enggonku isih dhemen suluk, hla

wong kajaba swara wis balero, saiki kabeh mitra-mitraku sing dhemen wayang wis ora ana. Saiki kae iya isih ana siji loro, nanging ora kaya dhek isih swargi. Mula, bareng swargi ngoncati, pet seprene mari tukku dhemen gendhang-gendhingan."

Raden Ayu Natasewayang angandika, "Daksawang saliramu kok rada susut kuwi apa pancen mentas gerah? Apa iya mung saka watuk bae?"

Wangsulanipun, "Anu, Gusti. Adalem punika pancen inggih gadhah sakit napas, nanging rekaosipun boten kados samangke jalaran radi kasok, saweg antawisipun satengah wulan punika."

Ingang rayi nambungi, "Anu kok, Gusti. Kasok anggenipun mentas tandang griya kabesmen, tur meh kacilakan."

"Kacilakan kepriye, Bakyu?"

Aturipun, "E..., hla, Gusti ki rak durung priksa. Anu, Gusti. Adalem menika rak mentas kecalan anak."

"Oo..., sapa Bakyu dhing ilang?"

"Inggih pun gendhuk menika," makaten kalayan anoleh ingkang putra. Raden Ajeng Srini mesem sarwi tumungkul. "Wah toblas, Gusti. Manah kula menika rak ngantos boten kanten-kantenan."

"Kuwi dhek apa, ta?"

Wangsulanipun, "Menika ta, Gusti. Kala wonten kumidhi ing alun-alun kabesmen menika. O..., toblas. Kadospundi ta, Gusti. Sareng dilah anjeblos latu ngalad-alad. Wah, polahing tetiyang menika rak ngantos salang tunjang boten kanten-kantenan."

Raden Ayu andangu, "Sabanjure kepriye?"

"Inggih menika, sareng pun kakang tuwin adalem sampun medal, ing ngriku pun kakang badhe nulungi tetiyang sagedipun enggal medal. Pun gendhuk anggandhuli, nanging lajeng pisah amargi kesuk ing tetiyang kathah, temah lajeng ketilapan. Amung kemawon, rahayunipun Gusti, lajeng wonten ingkang welas. Wonten tiyang neneman satunggal anganthi piyambakipun. Lajeng kabekta medal saking ing alun-alun. Eh..., tobat. Sujune kok ora kecepit-cepit nguwong."

Raden Ayu Natasewayang lajeng mesem andangu dhateng Raden Ajeng Srini, "Piye Sri?"

Raden Ajeng namung mesem kemawon. Raden Ayu ngandika, "Saiki saya gedhe kok saya ketok ayune Srini kuwi. Ambok iya diombe wedange

kuwi. Sri. Kuwi ta, Bakyu wedange kuwi-karo dhaharane disambi karo tutugna dongenge Srimi. Sam, kae Sam."

"Kula."

"Kae jupukna kroket, nglodhong dhuwur meja kae. Uwakmu rak karsa. Kepriye Bakyu, sapa jare wong sing nulungi mau?"

Raden Ayu Pramayoga anglajengaken cariyos, "O..., tiyang boten kantenan kok Gusti. Saking cariyosipun pun gendhuk, sareng dumugi ing romah makan Kreteg Gantung, pun gendhuk lajeng dipunajak kendel sakedhap. Sareng pun gendhuk mireng salompret kareta ingkang adalem tumpaki langkung ing ngriku, gendhuk medal lajeng nguwuh mandheg. Sasampuning kareta mandheg, gendhuk enggal narancag. Adalem sanget kaget margi boten nginten yen gendhuk. Tur lajeng ngrungkebi kalayan nangis. Wah, menika kados punapa kemawon cumeplong manah kula. Ijab rasa kaya dakuntal-untala mana. Ing ngriku lajeng adalem bekta mantuk."

Raden Ayu andangu, "Apa sajrone bebarengan mau ora takon-tinakon jeneng lan omahe, Sri?"

Wangsulanipun Raden Ajeng kalayan anyembah, "Boten."

Raden Ayu andangu, "Sing nemu kowe wong lanang apa wong wedok, Sri?"

Aturipun Raden Ajeng, "Tiyang jaler."

"Isih enom apa wis tuwa?"

"Sampun sepuh."

Ingkang ibu sumambung, "Hlo, saiki wis malih tuwa, jare isih enom, bagus perak ati."

Raden Ajeng ambekuh ririh, "Ah, Sibu ki kok. Sing kandha isih enom ki sapa?"

Sareng Raden Ajeng matur makaten, sadaya sami gemujeng amargi Raden Ajeng katingal kekah kawelehaken ingkang ibu. Raden Ajeng Srimi lajeng katingal kacipuhan sarta sanget ing lingsemipun kalayan matur, "Sampun sepuh, Gusti."

Raden Ayu mesem angandika, "Ah, apa iya? Hem..., enggane aku dadi jejaka nemu wong ayu kaya Srimi ngono, e..., banjur dakgondhol mulih bae."

Sadaya sami ger-geran gujengipun awit kajawi seneng anggenipun

anggegarapi Raden Ayu, ugi seneng angraosaken lelampahanipun Raden Ajeng Srim. Punapa malih resepipun ningali dhateng warninipun amargi sasolahbawanipun Raden Ajeng sarwa pantes aprak ati sanadyan sesamin ing estri, sadaya gadhah kepengin ningali warninipun Raden Ajeng.

Raden Ayu Nataseway lajeng angunandika, "Dadi lelakonku ki padha karo lelakone Bakyu. Saliramu rak iya wis mireng warta lungane Riyanta ta, Bakyu?"

Aturipun, "Kesah dospundi?"

"I..., ngamplahane. Ana wong saomah sasat kepaten ngene kok Bakyu ki dadak tambuh."

"Hlo, kadospundi ta, Gusti?"

"Anakmu Riyanta rak wis nembelas dina iki lunga ora pamit."

Sanalika Kyai Dipati sakaliyan anjalenger. Sang Dipati lajeng matur, "Heluh, dados daramas kesah? Kok aneh, ta?"

Raden Ayu ngandika asemu suntrut, "Mula iya kuwi Kakang. Kepriye gek tukku ora ngenes, ingatase anak mung siji thil teka tega ninggal wong tuwa. Dene enggonku anggoleki wis ngentekake nalar."

Kyai Dipati ngantos anjegreg, lajeng matur, "Boten ta, Gusti, prayogi kasabarna rumiyin. Boten-botenipun yen boten kondur. Namung kemawon kadospundi bukanipun dene putra dalem ngantos makaten?"

Raden Ayu ngandika, "Sakawit iya sarehning anakmu kuwi wis diwas. Hla wong saka petungku, anakmu kuwi wis umur selikur mlaku iki ta, Kakang. Mula, saka karepku dakpurih omah-omah supaya aja duwe karep embyang-embyangan. Kuwi ora Kakang, kajaba ora manut ing rembugku, rina wengi malah ora tau saba omah. Dene tukku tutur kuwi iya sarana alus awit bocah wis gedhe. Kuwi ora mandhak saya andaluya. Gek kepriye tukku ora pegel. Saka pegeling atiku, banjur daketog pisan ora dakaruh-aruhi. Kerepku supaya nuli anduweni kendhak. Apa ana mandhak saya lunga tanpa pamit. Ora liwat Kakang, aku nyuwun pitulunganmu. Kapriye anakmu bisane tumuli mulih. Aku wis pasrah saliramu."

Aturipun Kyai Dipati, "Inggi Gusti, sasaged-saged inggi kalayan kula esthi. Tumuntena saged pinanggih putra dalem. Namung saking panyuwun kula mugi panggali ing kang legalegawa. Sampun sumelang sarta sampun anggal ing kang boten-boten. Bokbilih katrimah

panuwun kula, bokmanawi boten dangu putra dalem nunten saged pinanggih."

Kala samanten Kyai Pramayoga sakaliyan lajeng sami pamitan sampunrinilan. Namung, Raden Ajeng Srini kaliyan Raden Ajeng Nestri kacandhet ing Raden Ayu supados kanton wonten ing ngriku.

11. MANGGIH TITIK

Kacariyos lampahipun Raden Mas Riyanta salebetipun satengah wulan namung anjajah ing guwa-guwa patilasan ing wewengkonipun rede Merapi. Anuju dinten Akat enjing Raden Mas Riyanta karsa angideri kitha Bayalali. Wonten ing ngajeng kabupaten Raden Mas Riyanta lajeng pinanggih kaliyan mitranipun lami, inggih punika Raden Mas Duryat. Sampun temtu kemawon lare kekalih bingah ing manah.

Raden Mas Duryat ataken, "Kangmas teka ana ing kene tanpa rencang saka ing ngendi?"

Raden Mas Riyanta amangsuli, "Mung dolan bae. Hla kowe arep menyang ngendi?"

Wangsulanipun, "Tekaku kene andherek bapak. Apa saliramu durung mireng kabar yen saiki bapak wis pindhah ing kene?"

"Durung."

"Mula Kangmas dakaturi mampir."

Raden Mas Riyanta ngandika, "Iya gampang, mengko dakmampir. Anu Duryat, kapriye lelakonmu dhek ana alun-alun? Apa kowe ora anggoleki aku?"

Wangsulanipun, "O..., cilaka, Mas. Bener saliramu ora karsa mlebu! Wah, dakcaritani Mas. Bareng geni wiwit nyalat geber, tanpa sranta aku banjur anjlog saka ing dhingklik. Banjur andhusur metu awit atiku wis ora kepenak. Aku iya anggoleki saliramu, nanging ora ketemu. Apa ana Mas, aku meh keplindhes kareta melor amarga jarane mlumba-mlumba arep ambandhang. Kurang sethithik bae aku meh ketendhang. Mangka jarane teji gedhe-gedhe. Upama aja milar, embuh bae awakku. Kreta mau tanpa kenek. Wasana mandhak dakgoncengi pisan."

Raden Mas Riyanta ataken, "Rakitan mau ulese apa?"

"Ulese ireng."

"Apa ora ana sing nunggangi?"

"Iya ana. Anu kok Mas, tibake kreta Tamansari awit bareng dakin-jen sing nunggangi jebul Uwa Dipati Pramayoga putri karo bocah wedok siji, aku ora patia tamat."

Raden Mas Riyanta sanalika enget menggah ciptaning galih, "Kandhane Duryat ki teka padha kambi kandhane jongos. Yen mengkono apa bocah kae putrane Uwa Pramayoga? Okeh temen empere. Caritane uwa iya kagungan putra siji wedok. Apa iya kae?"

12. BOTEN KENGING DIPUNRAOSI

Kala samanten Raden Mas Riyanta nunten mampir ing griyanipun Raden Mas Duryat. Siyangipun terus kondur dhateng ing Sala anitih kareta sewan. Ing margi boten kacariyos. Dumugi ing nagari sampun serap surya, terus anjujug ing Tamansari ing dalemipun Kyai Pramayoga. Kaleresan sang Dipati pinuju lenggah wonten ing pandhapa pitekur, ciptanipun, "Hem, teka mesakake temen randhane mitraku, jer sing dadi memanikaning tingale wis ora ana maneh kajabane Ndara Riyanta. Mangka nganti wis antara suwe ora ana pawartane. Hem, baya menyang ngendi parane bocah iki. Kang dipitaya anggoleki wis ora ana maneh kajabane aku. Menyang ing ngendi bakal enggonku ngupaya. Hem, yen digagas lelakone manungsa iki kabeh atas karsane kang Murbeng titah. Dadi, yen ora kanthi pitulungane Allah nglengkara bisaku nemokake Ndara Riyanta."

"Hem..., hem..., hem...." Raden Mas Riyanta dhehem.

Kyai Dipati kaget anguwuh, "Sinten niku?"

"Kula."

"Kula sinten."

"Kula, Riyanta."

"Sinten? Riyanta?"

"Inggih."

Kyai Dipati lajeng ngadeg saking kursi anyelak sarwi angiling-ilingi. Sareng sampun cetha paningalipun, Raden Mas Riyanta enggal rinangkul

pruk. Pangandikanipun, "E..., e..., anaku Engger Premadi."

"Kula, Wa."

"Kathik ana uwong ora kena dirasani. Saking pundi, Engger?"

"Saking dolan kemawon."

"Adhuh, anaku Engger..., mangga lenggah rumiyin. E... e..., Ibune. Gilo ana dhayoh."

Ingang rayi medal saking ing dalem lajeng ataken, "Dhayohe sapa ta, Pakne?"

"Ta gilo, mrenea." Sareng Raden Ayu sumerep Raden Mas Riyanta sanalika lajeng anggablogi sarwi gumujeng latah, "I..., gandrak jebul wis kondur anaku. Hlo..., kathik impenku dara dasih, Pakne. Dhek mau bengi rak dakimpeake kondur anakmu Pakne. Saking tindak pundi, Bendara?"

"Saking mlancong, Uwa."

Raden Ayu ngandika, "Boten, satemene mawon rak royal, ta?"

"Ah, Siwa ki. Boten kok, Wa. Tiyang namung dolan sayektos."

Kyai Dipati ataken, "Punika wau sampun anjujug ing dalem punapa dereng?"

Wangsulanipun, "Yektosipun kula menika wau mentas saking Bayalali terus sowan mriki amargi saking sanget kangen."

"O..., Engger boten kados susahing manah kula tuwin susahipun ingkang ibu. Kala wingi sonten kula rak mentas sowan ingkang ibu, dipunngendikani, "O..., Kakang, saiki anakmu Riyanta royal."

"Hem, Siwa ki."

"Saestu kok, Engger. Wis sesasi iki anakmu olehe lunga, tur tanpa pamit. Anu kakang, saiki anakmu Riyanta wis suthik daktunggoni."

"Hem, Siwa ki, punapa inggih?"

"E..., yektos kok. Anu Kakang, ayake bungah nek daktinggal mati."

"Heh, Siwa ki kok amen ngono."

"Yektos kok, cobu panjenengan dangu pun uwa. Rak iya Ibune?"

"Heeh."

"O..., Engger. Boten kados kula menika dados tumut sedhih. Sedhih kula teka ngungkuli kecalan anak kula piyambak."

"Punapa Uwa mentas kecalan-putra? Kados pundi kok ical?"

"O..., anu kok Engger, namung ical ketilapan. Nanging, sampun

pinanggih kok."

"Inggang ical menika putra ingkang pundi ta, Uwa?"

"Anak kula rak inggih namung satunggal dhil pun Srini ta, Engger. Punapa panjenengan dereng wanuh?"

"Dereng, malah dereng nate sumerep. Hla menggah icalipun sakawit kados pundi? Sarta lajeng pinanggih wonten ing pundi?" Saking sanget ing leganing panggalhipun, sanalika Raden Mas Riyanta ngantos meh gumujeng, nanging kaempet, ciptanipun, "Hem..., wis genah saiki. Kaya ngapa baya yen aku ketemu." Raden Mas Riyanta boten anglajengaken pitakenipun amargi lingsem bokbilih kasumurupan yen saliranipun ingkang manggih. Mila, lajeng sinamun ing rembag sanes, nanging ing batos boten kendhat anggenipun angantu-antu.

Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng kaajak kembul dhahar saha lajeng lelangen kalenengan karana gangsa sampun cumawis, niyaga celak-celak griyanipun. Raden Mas Riyanta angasta gender. bautipun raden Mas Riyanta angungkuli niyaga Kemlayan. Dene Kyai Dipati angasta rebab. Kala samanten ngantos sadinten sadalu anggenipun Raden Mas Riyanta wonten ing ngriku tansah asuka-suka sinuba-suba dening sang Dipati, ananging dereng saged sumerep ing Raden Ajeng.

13. SEWU ALOK

Kacariyos ing wanci Asar, Raden Mas Riyanta kaliyan Kyai Pramayoga sampun sami wungu sare. Lajeng lenggahan wonten ing gadri kilen, angunjuk wedang. Raden Ayu Pramayoga lajeng medal saking ing dalem ambekta dhedhaharan kaliyan serat. Kyai Pramayoga andangu, "Kuwi layang saka ngendi, Ibune?"

Wangsulanipun, "Layang saka anakmu, Srini. Wis dakwaca. Sura-sane didhawuhi Gusti andangu enggonmu anggoleki Endara Mas. Karo paring priksa yen wiwit dhek wingi sarirane karaos benter, cekoh. Sedina mau ora miyos. Dene aku ditimbal saiki. Cekake bae, wose iya saka susah enggone angrasakake keng putra. Mila, prayogi enggal kondur rumiyin enggih Ngger. Benjing enjing yen ingkang ibu sampun senggang, ameng-ameng mriki malih."

Kyai Pramayoga anyambungi, "Inggih, Endara Mas. Prayogi kondur rumiyin. Menapa mangke kula dherekaken? Menapa kondur sakmenika rumiyin."

Enggalipun Raden mas Riyanta nyuwun kondur rumiyin nunten mangkat anumpak kareta, terus anjujug ing dalem kilen. Kacariyos ing kamar wetan, Raden Ayu Natasewayu saweg sare wonten ing kanthil klambunipun katutup. Raden Ajeng Sрни anenggeni wonten ing ngriku kaliyan ingkang rayi Raden Ajeng Nestri angadhep wonten ing ngandhap kalayan angonceki jeram pecel badhe kangge kompres. Raden Ajeng Marsam sare wonten ing kamar kilen. Karipan anggenipun tuguran kala ing dalu. Raden Ajeng Sрни lajeng dhawuh dhateng ingkang rayi angelikaken abdi para nyai ingkang sami gegujengan wonten ing gadri, sampun rame-rame, gusti saweg sare. Raden Ajeng Nestri lajeng medal angelikaken para ingkang sami gegujengan. Wasana lajeng sami sumingkir dhateng ing pengkeran badhe angrujuk. Raden Ajeng Nestri malah tumut.

Kala samanten Raden Mas Riyanta sampun rawuh, lajeng malebet ing dalem. Lampahipun jinjit-jinjit sarwi ingak-inguk kados kucing badhe andingkik. Ing dalem tuwin ing gadri sepi boten wonten sebowaning tiyang. Raden Mas Riyanta sanget agumun, lajeng malebet ing kamar kilen pinanggih ingkang rayi Raden Ajeng Marsam taksih sare. Ingkang rayi lajeng dipun-gugah kaoyog-oyog ririh, "Sam..., Sam...." Raden Ajeng boten wungu malah ngulet katingal ing semu sanget karipan.

Raden Mas Riyanta lajeng medal ing gadri kilen kalayan ongak-ongak, ciptanipun, "Srini ki ana ing ngendi." Raden Mas Riyanta lajeng malebet ing dalem-jinjit-jinjit malih-dhateng-ing-kamar-wetan. Sareng dumugi ing sangajenging kori, magka kori wau minèp, dados ing nglebet kamar boten katingal amargi kori wau mawi kaca pinalisir ing sutra ngangrangan. Raden Mas Riyanta radi ajrih malebet kuwatos bokbilih damel kagetipun ingkang ibu saweg sare.

Kacariyos kala Raden Mas Riyanta saweg dumugi-ing-ngajeng kori, Raden Ajeng Sрни pinuju anguwiki kulit ayamipun jeram, lajeng mirengn Raden Ayu agereng-gereng. Raden Ajeng kaget, ciptanipun, "Gusti ki gerahe rada rekaos. Kepriye supaya suda bentere? Daktambani apa? Dhuh Gusti teka memelas wong ngena-ngene a kae gerahe Gusti ki

jalaran saka susah enggone anggoleki kang putra. Kana sing tindakan ki apa iya ora kraos penggalihé yèn keng ibu gerah."

Raden Ajeng ngantos kendel anggenipun ngonceki jeram awit saking sanget anggenipun anggagas putranipun Raden Ayu ingkang kawartosaken kesah. Raden Ajeng nunten thukul gagasanipun ingkang elok, ciptanipun, "Mungguh aku bisa malih jim, ing ngendi parane Endara Riyanta dakparani. Anjur dakgawa mabur metu ing ngawang-awang, banjur dakeburake ana ing ngarsane kang ibu, baya nuli senggang sak akal. Iba kaya apa bae sihe Gusti menyang aku. Bokmanawa aku dipundhut mantu, nanging bakal sapira cuwaning atiku yèn sing jeneng Endara Riyanta ki dudu sing daktinggal ana romah makan kae. Hem..., iba kaya apa rasaning atiku enggane Endara Riyanta ki iya wong bagus biyen kae."

Gerit..., Raden Mas Riyanta angengakaken kori namung satengah nyari. Sareng mirsa warninipun Raden Ajeng ingkang sakalangkung ayu, sanalika Raden Mas Riyanta sumedhot panggalhipun. Mekaten ugi sareng Raden Ajeng mireng swara "mak gerit" lajeng noleh. Sareng mirsa warninipun Raden Mas Riyanta ingkang sakalangkung bagus, sanalika Raden Ajeng kumesar panggalhipun. Tempuking paningal sakalihkalhipun anrus ing galih sami sanget kumepyar kados gelas binanting ing sela. Saking gumunipun, Raden Ajeng ngantos anyipta makaten, "Yèn sing nginguk iki mau Bendara Riyanta arak iya sewu elok dados saelok. O..., baya iki panduluku dhewe saka bangete enggonku anggagasi wong kae, ning mesthi iki bendara Ajeng Sam."

Raden Ajeng nunten anguwuh ririh, "Bendara Ajeng, embok inggih malebet. Ingkang ibu taksih sare, ngriki ta."

Raden Mas Riyanta mireng panguwuh wau lajeng mesem, ciptanipun, "Hem..., ayune Srimi ki pancen ora gerohan bae. E..., ambok aku bisa malih dadi Sam mana embokmanawa kalakon saekal iki."

Raden Ajeng nunten anoleh malih dhateng ingkang anginjen wau. Ing ngriki saya genah warnanipun Raden Mas Riyanta, "ciptanipun Raden Ajeng, "Hem, dhuh nyawa matia aku. Hla kok jebul sing ana lesmen kae. Adhuh..., adhuh..., kathikane wong kok kaya dewa, ora kena dirasani batin." Raden Ajeng nunten tumungkul api-api dereng sumerep sarta anguwuh malih, "Nes, ambok iya aja pijer injeninjen bae,

ambok iya malebu rene."

Raden Mas Riyanta lajeng angengakaken konten radi wiyar kalayan amangsuli ririh, "Bakyu, kula dede Sam, dede Nes. Kula jongos ing lesmen."

Raden Ajeng mesem kalayan mencep sarwi angunjukaken semekan sarta anata ukel. Makaten punika candranipun wanodya ingkang sanget tumanggap ing karsa. Awit saking sampun laimi Raden Mas Riyanta anggenipun anganta-anta. Mila, sami sakala sigra angetog kapurunan, nanging namung nedya wanuh kemawon asarana badhe andangu anggenipun Raden Ajeng kesah saking lesmen sarta badhe pandangu-nipun sampun katata rinantam. Ananging, sareng sampun malebet ing kamar, napas sanget ngangsur sarta tab-taban, temah sirna sakathahing kapurunan, namung wantun angunandika sarwi kamisosolen, "E..., e..., Sam ki kok ora ana."

Raden Ajeng Sрни sanget ajrih, saliranipun ngantos geter kados kambengan tinempuh ing angin. Raden Mas Riyanta ugi makaten. Cengkelak enggal medal kalayan gugup awit rumaosipun kados durjana ingkang ngintip kadenangan, inggih punika prabawanipun parawan kaliyan jejak ingkang anunggil karsa. Wasana Raden Mas Riyanta sanget lingsem, ciptanipun, "Hem..., ewuh temen bocah iki enggonku anduga. Sasuwene wis katara ing senenge menyang aku nganti angesemi. Teka bareng dakcedhaki banjur semu ora tumanggap. Aku reka-reka anggoleki Sam, teka ora gelem amangsuli. Dhuh..., tetela yen bocah linuwih. Mung kuciwane ora pati seneng kambi aku.

Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng kondur dhateng ing pasanggrahan. Raden Ajeng Sрни enggal dhateng ing kamar kilen amungu Raden Ajeng Marsam. "Dhi..., Dhiajeng..., gale ingkang raka sampun kondur."

Raden Ajeng kaget nunten wungu, "Sinten, Yu dhing kondur?"

Wangsulanipun, "Inkang raka Endara Riyanta."

"Ah, Bakyu ki ngapusi. Wong penak-penak turu kok Bakyu ki gawe dheg bae."

"E..., Dhiajeng ki diaturi kok maido."

"Napa yektos ta, Yu?" Raden Ajeng Sam lajeng medal angongak ing dalem sarwi ngandika, "Pundi, Yu? O..., Bakyu ki ngapusi!"

"Mangga ia kula aturi nuweni dhateang sanggrahan, magke yen boten ontan kula aturi andukani."

"Nyata iemen hara engga sampayan tumut."

Raden Ajeng kekalih lajeng sami dhateang ing pasanggrahan. Raden Ajeng Sri angentosi wonten ing patamanan. Raden Ajeng Marsam lajeng malebet ing dalem kalayan sangei ing rudaosipun amargi kados-punapa kemawon yen ingkang raka dereng kondur. Sareng sampun malebet ing kamar lajeng mitsa ingkang raka sawg lukar, enggal anguwuh, "Kangmas kondur! Kangmas kondur! Makaten kalayan anyikep ingkang raka saking ing pengketeran awit bingahipun Raden Ajeng kados lare suson ingkang pinanggih biyungipun mentas katilar dangu. Raden Mas Riyanta sangei bingah, nanging lajeng ambekuh, "Ah, Sam ia mengko aku arep linggih. Wong sumuk-sumuk kok digendholi."

Raden Ajeng ringik-ringik, "Hek..., hek..., Kangmas ki wong kangen kok ora oleh ngrangkul."

"Kangen iya kangen, nanging aja kaya ngono ah! Wong wis gedhe kok kaya bocah cilik. Ora idhep isin, gulo kuwi sapa ana patamanan kuwi?"

"O..., anu, Mas niku putrane Uwa Dipati Tamansari naminiipun Sri. Ayu enggih, Mas? E..., Yu..., Yu..., "Raden Ajeng manglung ing candhela, gelangipun kumrincing, pangunandikanipun, "Hlo, Bakyu ki ninggal. We..., hla aku ki kalah dhisik. Mas..., Mas..., he, ampun kesah-hlo kula ajeng matur ibu."

Raden Ajeng Marsam nuntèn lumajeng anuwit Raden Ajeng Sri kapurih mandheg, pitakenipun, "Yu..., Yu..., napa sibu wau empun priksa yen Mas Riyanta kondur?"

Wangsulanipun, "Dereg."

"Enggal, Yu, ibu diwungu mengke kula dhing matur enggih, Yu?"

Raden Ajeng kekalih kekantèhen mangilen. Raden Mas Riyanta manglung ing cendhela kalayan sangei sukaning galih mitsani angentipun kekantèhen ingkang rayi kalayan Raden Ajeng Sri katingal sangei ing rukunipun.

Raden Ajeng Sam sampun malebet ing kamar lajeng amungu, nyembah kalayan matur, "Bu, menika wonten tamu."

Raden Ayu taksih sarean, nanging sampun wungu, lajeng andangu,

"Apa Sam?"

"Menika wonten tamu."

"Sapa?"

"Menika tuwan dhokter," Raden Ayu taksih sarean kalayan ang-raosaken gerahipun. Raden Mas Riyanta ingkang sampun sirna rudatosipun enggal engét dhateng katresnaning ibu. Nunten dhateng ing dalem kilen malebet ing kamar pasarean. Sareng Raden Ayu pirsang ingkang putra, sanalika kaget. Sirna gerahipun lajeng wungu sarwi angandika, "He-luh, Riyanta. Renea, Cuk. Dhek apa ulihmu?"

Wangsulanipun, "Wis dhek wingi, nanging aku anjujug Tamansari. Jare Ibu gerah?"

"Iya, nanging wis mari marga laraku kangen ing kowe. Eh, hla..., endi Sam tuwan dhoktere?"

Raden Ajeng anggaluguk sarwi matur, "Dhokteripun inggih menika."

"I..., kurangajar kowe kuwi!" Raden Ayu gumujeng awit rumaos saras gerahipun sareng pinanggih ingkang putra. Kados punapa kemawon menggah sukaning panggalhipun Raden Ayu tuwin para putra saestu tanpa upami. Raden Ayu lajeng miyos lenggahan ing gadri wetan kaaadhep para putra, lajeng kembul dhahar. Para abdi sadaya sami sukasuka amangayu bagya. Raden Ayu lajeng anggeganjar dhateng para putra santana tuwin para abdi sadaya. Wasana tetiyang ing Natasewayan sami suka-suka. Dalunipun lajeng ringgitan. Kathah para sadherek tuwin tamu ingkang sami rawuh. Kyai Pramayoga sakaliyan ugi rawuh, mundhut lelampahan "Werdingisih".

14. KASMARAN

Enjing sabibaripun ringgitan, Kyai Pramayoga sagarwa putra sami kondur. Raden Mas Riyanta kondur ing dalem pasanggrahan lajeng sare awit saking sanget sayah tuwin arip. Sonten wanci asar saweg wungu, lajeng miyos ing gadri wetan lenggahan piyambak wonten ing kursi males kalayan taksih lam-lamien, inggih punika taksih kamitongtonen dhateng sadaya kawontenanipun pasamuhan kala ing dalu. Sampun temtu kemawon Raden Mas Riyanta tansah kaengetan dhateng ingkang dados raosing

panggalih, inggih punika mustikaning ayu Tamansari. Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng mirsa lare estri satunggal angundhuhi sekar wonten ing patamanan, inggih punika Raden Ajeng Nestri. Raden Mas Riyanta lajeng murugi nuntun andangu. Raden Ajeng inggih pasaja nama tuwin ngaken putrinipun Kyai Dipati Pramayoga. Raden Mas Riyanta sanget sukaning panggalih, lajeng angandika, "Tutugna enggonmu ngundhuhi, Nes. Gilo kembang wis padha mekar. Ayo dakrewangi."

Raden Ajeng Nestri sanget senenging manah. Anggenipun ngundhuhi ngantos angsal kathah. Raden Mas Riyanta andangu, "Yen wis kembang iki arep kowenehake sapa?"

"Badhe adalem angge angsal-angsal bakyu Sri."

"Sri sapa?"

"Yu Sрни."

"Apa bakyu Sрни wis mulih ngetan?"

"Sampun, kala wau enjing kaliyan bapak kaliyan ibu."

"Anggonmu rene apa mung perlu golek kembang?"

"Boten, adalem dipunutus ibu ngeter rencang ambekta dhaharan kacaosaken Gusti."

"Aku mekas iya Nes, nek bakyumu pinuju linggihan dhewe. Takona apa biyen bakyumu lih saka alun-alun leren ana romah makan. Nek wis ngaku banjur takona sabab apa lunga saka romah makan ora pamit. Dhing ngeterake nganti bingung olehe anggoleki. Kandha ngono iya."

"Inggih."

Raden Ajeng Nestri matur sandika, lajeng wangsul dhateng ing Tamansari. Dumugi ing dalem lajeng pinanggih ingkang bakyu Raden Ajeng Sрни. Sasampunipun ngaturaken angsal-angsal sekar lajeng ngaturaken wewelingipun Raden Mas Riyanta amiwiti amekasi. Ing batos Raden Ajeng Sрни sakalangkung kapranan, nanging sinamun ing deduka, pangandikanipun, "Nes, yen kowe isih dhemen melu aku, aja kopindho dolan menyang pasanggrahan. Karo aja sok wani-wani ngundhuhi kembang marga nek konangan dhiajeng Sam amesthi diaturake Gusti. Kowe banjur diraket. Lan maneh aja sok cedhak Dara Mas Riyanta. Ta..., rene dakbisiki. Dara Ajeng Sam kuwi rak nujanani aku, dikira aku seneng kambi kamase. Mula aku dicandhet ana kana suthik marga aku risi. Nek Dara Riyanta marak ngarsane Gusti, Dhiajeng Sam tansah

angulatake kambi anglirik aku. Aku iya reka-reka ora weruh marga aku wis weruh karepe. Mula nek kowe diutus mrana sing ngati-ati. Kandhaku iki poma aja kokandhakake wong-wong. Yen kowe kandha, kowe mesthi dakulihake nyanggone bapakmu, ngerti?"

Wangsulanipun, "Inggih."

Kala samanten Raden Ajeng Sрни ing batos sanget sumungkemipun dhateng Raden Mas Riyanta amargi rumaos dereng saged males kasanenipun. Badhe matur dhateng ingkang rama utawi ingkang ibu pakewed sarta ajrih, menggah ciptaning panggali, "Dhuh abot men rasaning ngatiku dene aku kapotangan becik kambi Dara Riyanta kapeksa durung bisa nyauri. Sepira mungguh seriking panggalihe dene wiwit dhek ana ing lesmen nganti saprene durung tau dakwangsuli pandangune. Pandangune adu arep sing ora dakwangsuli isih memper yen ora dadi panggalihe marga mesthi wis mangertos yen saka rikuh. Balik saiki andangu sarana lantaran Nestri kok iya ora dakwangsuli. Hem..., apa aku sing ora kebangeten? Saliyane Dara Riyanta ayake aku banjur ditenung. Sapira mungguh bungahing atiku yen Dara Riyanta lagi kondur. Ijab rasa meh kaya daktubruk-tubruka. Teka saiki isih daktambuhi. Hem..., elek banget yen aku ora mangsuli."

Kacariyos enjingipun Raden Ajeng Sрни lajeng meling dhateng ingkang rayi badhe kautus ingkang ibu dhateng ing Natasewayan, pangandikanipun, "Nes, aku titip pala iki caosna Dhiyajeng Sam. Karo yen pinuju ora ana wong matura Bendara Riyanta yen...."

"Hlo..., jare bakyu ki aku ora pareng nyang sanggrahan. Saiki mandhak kon matur Dara Riyanta."

"Hus, kenes ki. Wong durung-durung kok madoni. Ta renea dakandhani. Kowe dhek wingi rak diweling Dara Riyanta, ta? Mula, mengko matura yen rewangku mulih saka lesmen biyen sibu kambi kowe nunggang kreta. Dene tukku ora pamit marga kesusu. Kajaba kuwi matura yen aku banget nuwun. Enya daksangoni."

Raden Ajeng Nestri lajeng mangkat kalayan bingahing manah. Enggalipun sadaya sampun kaleksanan. Amung patrapipun Raden Ajeng Sрни anggenipun utusan wau lajeng kawuningan ingkang rama. Kyai Dipati sanalika sanget ing dedukanipun. Raden Ajeng Sрни lajeng dipuntimbali. Pangandikanipun Kyai Dipati sereng, "He, Sрни aku wis weruh

yen adhimu kerep kokongkon menyang Natasewayan kuwi ana apa? Kandhaa satemene. Yen kowe ora pasaja ajur awakmu!"

Raden Ajeng teteg amangsuli, "Aku iya kongkonan nanging tumrap Dhiajeng Sam."

Kyai Dipati andangu kalayan mantheleng, "Ora, sing daktakokake kongkonanmu menyang Dara Riyanta. Blakaa bae."

"Pak, enggonku kongkonan mung sepisan marga kuwi mangsuli pandangune Endara Riyanta."

"Takon apa?"

"Dhek Nes liwat ing sanggrahan diampirake. Banjur piweling supaya takon sababe enggonku lunga saka ing lesmen biyen ora pamit sarta andangu sapa rewangku mulih. Sarehne aku rumangsa ditulungi mula aku perlu mangsuli sarta ngaturake panuwun marga priyayi dhing ngeterake aku biyen iya kuwi Endara Riyanta."

Kyai Pramayoga sanalika larut dukanipun, "E..., dadi priyayi dhing nemu kowe biyen Dara Riyanta?"

"Iya."

Kyai Dipati gedheg-gedheg kalayan sanget agumun, "Hem..., ayakna anteng, alus tansah nglungguhi tata krama. Ora gelem nyamah ing kowe, hla wong Endara Riyanta. Nanging aku gumun banget dene gek takon ilangmu teka ora karsa blaka yen salirane sing nemu. Mangka lumrahe nadyan wong alus bebudene pisan, mesthi iya kandha nek nemu, utawa ngandhakake kabecikane. Nek Dara Riyanta ora. Kaya mangkono kuwi malah disasapi. Hem..., pancen sakjegku urip iya durung tau mrangguli wong alus mulus kaya Bendara Mas kuwi. Iya sokur ta Sрни yen kowe wis ngaturake panuwun. Aku mandhak bungah marga aku kapeksa ora wani ngaturake panuwun sabab dakpikir bokmanawa mandhak dadi panggalihe."

15. COCOG

Wiwit kala samanten Kyai Pramayoga saya sanget tresnanipun dhateng Raden Mas Riyanta ngantos angungkuli tresnanipun dhateng swargi Pangeran Natasewayan. Makaten ugi Raden Mas Riyanta, meh saben sonten ameng-ameng dhateng Tamansari. Saben boten rawuh kalih dinten

kemawon, Kyai Dipati lajeng-utusan angaturi. Kajawi-punika Kyai Pramayoga sakaliyan ing batos-sami sanget-kepinginipun kagungan mantu Raden Mas Riyanta.

Kacariyos anuju satunggiling dinten wanci dalu, Kyai Pramayoga rembagan kaliyan ingkang garwa wonten ing dalem, inggih punika bab serat panglamar saking para priyantun wadana tuwin bupati dhateng Raden Ajeng Srimi. Kyai Pramayoga angandika, "Ibune, kapriye saiki saka pamikirmu bab layang panglamar sing-wis daktuturake ing kowe?"

Raden Ayu Dipati mendel asemu menging, lajeng matur, "Yen saka rasaning atiku wektu iki durung bolong anggagas prakara kuwi, nanging iya banget ngredatin atiku marga anggagas anakmu wis diwasa wayahe dientas."

"Mengko ta Ibune, aku kok durung mudheng karepmu. Dene tuturmu durung bolong teka kandha ngredatin prakara anakmu wis gedhe. Yen kopikir apa ora wis kalebu begja anakmu kuwi karangt sing anjaluk padha priyayi gedhe-gedhe, tur sugih-sugih. Ingatase saanakku ditakokake anak bupati, riya, pangeran, tur wis padha pangkat kabeh. Apa ora wis aran timbang utawa nyengka? Yen kowe durung narima, hla arep kojangkakake anak apa? Mula, coba gagasen, rasakna sing dawa. Angelingana yen aku lan kowe wis padha tuwa sarta anduwenana welas menyang anak. Aja mung bebasan welas tanpa alis mengkono."

Raden Ayu Pramayoga saya katingal ing semu sanget putek angraosaken pangandikanipun ingkang raka wau. Kyai Dipati ngandika malih, "Ibune, sasuwene dakajak tetimbangan, daksawang kowe kok semu nyondhongi, utawa sajak ribed kuwi kepriye mungguh sing dadi karepmu? Yen ribed, ribed endi? Yen pekewuh, pekewuh apa? Aku tuturana marga aku banget sedhih yen kowe ora anglairake mungguh satemene pikiranmu."

"Anane aku judheg iya Pakne amarga embuh ta pangrasaku ki kok geseh temen kambi karepmu."

"Iya, kepriye ta prasajaa bae."

"Nek pancene aku mung suthik kokejak rembugan bab anakmu marga aku dhewe durung pracaya prayoga utawa orane pikiranku iki tumrap marang anak."

"Iya, priye? Pamikirmu priye?"

"Pakne, satemene bokmanawa kaceka ora akeh banget pamikirku menyang anak, katimbang kambi pamikirmu. Mung bae kabeh pamikirku teka tansah gojag-gajeg marga iya sapa bae wong sing oraa anduweni kepengin duwe mantu kaya Dara Riyanta."

Kyai Pramayoga anyeblek dhengkulipun ingkang rayi kalayan mesem, "Cocog Ibune karepmu kambi karepku awit satemene atiku kok iya rasa kurang marem uripku yen ora duwe mantu kaya Dara Riyanta. Nanging..., hem, gek kepriye maneh patrapku utawa patrapmu bisane kedadian mengkone. Mesthine ora klakon aku bakal nyoroh-nyorohake anak wedok. Kajaba saka kuwi, saka pamawasku, teka salawase kok aku durung tau aku mrangguli ketoke polatane Dara Riyanta senenge kambi anakmu. Hem..., atiku kok judheg ta Ibune anggagas prakara iki. Wis ora liwat ayo padha disesuwun marang sing Murbengtitah murih kasembadan karepku kambi karepmu."

16. ALUSING PANGANGKAH

Wiwit kala samanten Kyai Pramayoga sakaliyan sanget ing rudatosipun ngantos ngengirangi dhahar tuwin ngengirangi sare. Wasana Kyai Dipati lajeng katuwuhan pamanggih, inggih punika badhe nedha panimbang ing Raden Mas Riyanta bab anggenipun badhe gadhah damel mantu sengadi.

Kacariyos anuju ing wanci sonten, ing langit sumilak aresik. Ing wetan mencorong soroting wulan purnama. Kyai Dipati sakaliyan, Raden Ajeng Sрни tuwin Raden Ajeng Nestri ameng-ameng besiyar anitih kareta angubengi salebetipun kitha. Kathah tetiyang ing sapinggiring margi, tuwin ingkang lumampah, ingkang sami ebat ningali warnanipun Raden Ajeng Sрни karana Raden Ajeng anedheng birahi.

Dhasar pawakan sarwa ramping agilig, kulit tan resik jene semu ijem maya-maya. Rikma ketel cemeng apanjang, wadono lonjong, pase-mon sumeh asemu wingit. Epoking imba malengkung pucuk amerit amewahi semuning ulat pan amemalat. Lathi dhamis abrit lir manggis karengat. Waja angelar bremani, grana ngrungih, larapan sumilak aregu. Pangarasan weweg anduren sacuring. Jangga angolan-olan. Lambung ambangkek tumiyung amayat, asta lurus anggendhewa gadhing.

Driji merit arempeng, suku kiyat amukang gangsir. Ing pamulu ruruh aprak ati. Karinget sedhep kados gandaning sekar semboja. Gandaning uswa akados sekar mayang. Yen ngnandika kewes amemel, boten patos ulah wiraga. Ngagem nyamping parangrusak kagok. Rasukan biru laut maya-maya, pamekak sutra jene enem. Sang-sangan emas kinantha bendha pinatik ing sesotya, sineling mirah tunggal barleyan amimbuih pantes.

Kaleresan kala semanten Raden Mas Riyanta pinuju besiyar anitih kapal kore ulesipun cemeng. Anyirik amedhar kairing mitra-mitrani pun nenem sami anumpak kapal. Kathah tetiyang ingkang sami kasmaran aningali Raden Mas Riyanta awit samangke sampun wiwit bagus. Yen cinandra, bagusipun Raden Mas Riyanta saestu angungkuli satriya ing Plangkawati, Raden Angkawijaya, kalanipun nitih kapal Kyai Pagrandhong. Lampahipun anglangkungi ing ngajeng kepatihan lajeng menggok mangidul. Ing ngriku lajeng kapapag karetanipun Kyai Pramayoga. Saking tetebihan Raden Ajeng Sрни sampun priksa jejaka ingkang sami tegar wau, ciptanipun, "Hem, sapa baya sing nunggang jaran ireng kae?"

Raden Mas Riyanta boten pandung yen pinika kareta ing Tamansari. Titiyan lajeng kapekak dipunlampahaken kemawon sarta nyimpang ing pingir. Raden Mas Riyanta api-api boten priksa amargi lingsem dhateng Raden Ajeng Sрни. Kyai Dipati lajeng anguwuh sarta dhawuh angen-dhegaken karetanipun. Raden Mas Riyanta dipunuwuh wau tumunten anyelak. Pangandikanipun Kyai Dipati, "Punapa Angger mangke boten tindak mrika?"

Raden Mas Riyanta mesem amangsuli, "Anu..., Wa.... Kula mangke badhe jagong dados boten saged sowan."

Raden Ajeng anoleh lajeng malengos, ciptanipun, "Aku kok gething wong durung kagungan garwa bae kok jagong!"

Raden Mas Riyanta sakala kumenyut mesem lajeng tumungkul. Raden Ayu Dipati ngandika, "Ambok inggih mangke tindak mrika."

"Inggih, prayogi mangke gampil."

"Yektos? Mangke kula ajeng-ajeng, hlo."

Lampahing kareta lajeng terus mangaler. Raden Mas Riyanta sakan-ca lajeng mangidul tumunten pepisahan kondur ing dalemipun sowang-

sowang. Sadumugining dalem Raden Mas Riyanta lajeng tindak dhateng ing Tamansari kados adat ingkang sampun kalampahan. Sabibaring lelangen kalenengan sarta gegujengan, Kyai Dipati ngandika, "Engger, anggen kula ngaturi punika wonten perlunipun sakedhik. Angger kula suwuni pitulungan supados karsaa angrencangi anggen kula badhe gadhah damel."

Raden mas Riyanta ataken, "Badhe kagungan damel punapa, Uwa?"

"O..., anu Engger, awratipun tiyang gadhah anak. Benjing tanggal kaping wolu likur Besar ngajeng punika yen boten wonten alangan satunggal punapa, badhe ajar gadhah damel mantu."

"Sinten, Uwa?"

"Ingkang Bakyu Sрни angsal priyantun ing tanah Rembang."

Sareng Raden Mas Riyanta mireng pangandikanipun Kyai Dipati wau, sanalika raosing panggalih kados tinotog ing alu gara. Saupami dipunturutana, kados badhe angejur-ejura badhe panganten jaler. Ananging, gregeding panggalih wau tangeh yen kawistaraa ing semu, temah lajeng mesem angandika, "Uwa kula sanget bingah sarta amangayubagya dene ingkang putra enggal angsal jodho. Boten langkung sasaged-saged kula inggih badhe rerencang wiwit ing sadereng ngantos dumugi ing sabibaring damel."

Sasampuning dumugi anggenipun rerembagan, Raden Mas Riyanta lajeng kondur ing dalem pasanggrahan kalayan rumaos pepes panggalhipun. Wiwit punika Raden Mas Riyanta lajeng boten karsa dolan dhateng ing Tamansari. Kyai Pramayoga sanget angajeng-ajeng sarta rambah-rambah utusan angaturi, nanging Raden Mas Riyanta boten karsa dhateng. Wangsulaniipun sengadi saweg ewed utawi saweg boten sakeca saliranipun. Kyai Pramayoga ngantos anggumun dene Raden Mas Riyanta teka ngantos beda kaliyan padatanipun. Temah, Kyai Pramayoga lajeng saged andugi bilih Raden Mas Riyanta boten anyondhongi anggenipun badhe kagungan damel.

Anuju satunggiling dinten Kyai Pramayoga sowan ing ngarsanipun Raden Ayu Natasewayu, lajeng mampir dhateng ing pasanggrahan pinanggih kaliyan Raden Mas Riyanta. Ananging, Raden Mas Riyanta katingal ing semu kirang rumaketipun. Kyai Pramayoga lajeng wicanten angasih-asih, tembungipun "Angger, kula sampun rumaos bilih kula

sampun kekathahen kapotangan ing kasaenanipun Angger, punapa dene rumaos kathah ing kalepatan kula. Mila, Angger mugè sampun kirang-kirang ing pamengku sarta kaparenga amaringi sih pangaksami dhateng pun Uwa, tuwin sadayanipun."

Raden Mas Riyanta amangsuli, "O..., Uwa. Dhawuh panjenengan punika bokmanawi jalaran anggen kula ngantos dangu boten sowan. O..., punika boten pisan-pisan Uwa. Bilih wonten sababipun kajawi namung sayah anggen kula dandos-dandos griya sarta inggih badan radi kirang saras. Yen lepat, lepat punapa ta, Uwa? Jer salaminipun kula sowan ing dalemipun, Uwa namung tansah seneng-seneng kemawon. Leresipun malah kula ingkang nyuwun pangaksama bokbilih wonten lepatipun tindak-tanduk kula."

"O..., boten Engger. Yen kula boten kalentu, dede prakawis punika. Kula sampun rumaos sayektos wontenipun Engger lajeng boten karsa tindak mrika. Punika jalaran Engger samangke sampun boten sudi ngaken tiyang sepuh utawi mitra dhateng kula. Punika kathah emperipun amargi Engger tedhak-turuning ngaluhur, balik pun Uwa tiyang punapa, tur boten gadhah. Yen Engger badhe priksa agenging katresnan kula dhateng panjenengan, bebasan sampun yen namung toh bandha rajabrana, ambok inggih sade nyawa kula lampahi janji Angger taksih sudi ngaken sentana. Balik pun Uwa rumaos tiyang awon mila inggih sampun narimah."

sareng Raden Mas Riyanta mireng panalangsaning pangandikanipun ingkang uwa ingkang makaten wau, karaos-raos ing panggalihipun boten kenging dipunampah, temah kumembeng waspanipun. Kyai Pramayoga boten tahan aningali, temah lajeng pamit sakedhap badhe sowan dhateng ing dalem kilen, nanging lajeng terus kondur ing dalem tamansari.

17. PANGLIPURING PANGGALIH

Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng lenggahan wonten ing gadri wetan piyambak kalayan anggagas anggenipun manggihi Kyai Dipati. Ing batos sanget lingsem dene ngantos kasumerepan menggah trusthaning panggalihipun, ananging lajeng pinupus amargi lajeng engnet dhateng

pepesthening lelampahan. Wasana lajeng birat rudatosipun.

Wekdal punika Raden Ajeng Nestri pinuju dolan dhateng ing patamanan. Awit saking sanget kulinipun kaliyan Raden Mas Riyanta, dolan wonten ing ngriku rumaos kados wonten ing griyanipun piyambak. Sareng Raden Mas Riyanta mirsa Raden Ajeng Nastri sanalika kumenyut kaengetan dhateng warninipun Raden Ajeng Sрни, temah lajeng rudatos malih amargi ciptanipun, "Aku ki yen weruh Nes mesthi kok banjur kerasa-rasa kelingan sing ora-ora. Hem, apa Nes dakpenging rene? E..., Nes..., Nes...."

"Kula."

"Mampira rene sedhela, Dhuk. Aku kangen." Raden Ajeng nunten marak anyembah.

"Ngadega bae, rene daktakoni. Aku kangen."

Raden Ajeng nunten ngadeg caket ing palenggahan. Raden Mas Riyanta andangu, "Nes..., Nes..., aku krungu kabar jare bakyumu arep dadi nganten, besuk apa ta, Nes?"

"Adalem boten sumerep."

"Apa iyok? Dadi aku wis krungu kabar ki."

"Angsal sinten?"

"Anu, entuk priyayi ing Rembang jenenge Danur..., Danur mengkono. Aku lali. Aku mekas iya, Nes. Yen ketemu bakyumu, nanging yen pinuju ora ana uwong takona jenenge priyayi mau Danur sapa. Karo kandhaa, aku arep nyumbang. Bakyumu anjaluk sumbang apa?"

Menggah karsanipun Raden Mas Riyanta wau perlu kangge nyulik panggalhipun Raden Ajeng Sрни.

"Nandalem mangke menapa boten tindak mrika?"

"Mrana ana apa, ta?"

"Yen Nandalem tindak, adalem ngentosi. Yen boten inggih boten."

"Eh..., wong awakku rada ora kepenak kok, Nes."

"Inggih sampun, adalem nyuwun mandhap."

"Mengko dhisik ta, kowe ki nek mreng kok kesusu. Wong tukku kangen durung mari. Kowe selak arep apa, ta?"

"Anu, welingipun bakyu boten pareng dangu-dangu."

"Nyang bakyune wedine kok ora jamak! Apa kowe ki sok didukani Bakyu?"

"Inggih."

"Iya sokur ta Nes yen kowe wedi mituhu karo bakyu. Wong aku dhewe iya wedi-kok Nes nyang bakyu kuwi."

"Menapa inggih?"

"E..., iya, marga bakyu kuwi antenge rada nyengit."

"Hik... hik... hik...."

"Hlo, kok ngguyu rak iya ta? Wis ta Nes yen kowe arep mulih daktilani, mung wekasku aja lali hlo."

Raden Ajeng nunten wangsul. Lampahipun mandheg tumoleh awit saking sanget kangenipun dhateng Raden Mas Riyanta. Makaten ugi Raden Mas Riyanta, tansah mirsani lampahipun Raden Ajeng awit saking sanget kangenipun dhateng Raden Ajeng Srimi. Mila, dhatengipun Raden Ajeng Nes wau radi andadosaken mareming panggalihipun.

Sareng Raden Ajeng sampun boten katingal, Raden Mas Riyanta lajeng sungkawa malih sarta anyipta badhe nusul tindak dhateng ing Tamansari. Ananging, lajeng kaengetan dhateng pangandikanipun Kyai Dipati bab anggenipun badhe mantu. Temah Raden Mas Riyanta peteng panggalihipun. Lajeng tindak dhateng ing gedhong panyeratan karsa ngupados salamura inggih punika lajeng maos serat waosan, ananging boten saged lipur. Ing cipta sanget adreng kedah badhe tindak dhateng ing gedhong gangsa angasta gender.

Gender saweg ginarambyang, panggalih saya kumenyut kaengetan yen ameng-amengn wonten ing Tamansari. Lajeng tindak dhateng ing gedhong panyeratan malih amendhet buku isi gambar-gambar, inggih punika gambaripun Raden Mas Riyanta piyambak. Ing ngriku lajeng kaengetan dhateng kasenanganipun angggambar, ciptanipun, "Hlo, aku kok wis suwe ora angggambar."

Raden Mas Riyanta lajeng mapan lenggah amirsani gambar-gambar wau, inggih punika gambar wana mawi sima. Gambar griya mawi rerenggan patamanan. Gambar lung-lungan, sekar-sekaran, tuwin sanes-sanesipun. Ananging, boten patos dados senenging panggalih, ciptanipun, "Aku saiki kok wis ora pati seneng nyawang gambar barang sarta kewan-kewan. Coba dakanggambar uwong. E..., coba bocah ki dakgambare, aku kok gregeten."

Raden Mas Riyanta lajeng nyorek gambar pawestri wonten ing

papan gambaran, inggih punika anggambar Raden Ajeng Sрни. Du-
madakan saweg cengkorongan kemawon mak plek memper pasemonipun
Raden Ajeng Sрни. Ing ngriku Raden Mas Riyanta angraosaken pang-
galihipun. Gambar enggal-enggal dipuncethakaken, punapa dene lajeng
dipunpulas mawi cet. Gambar saya katingal gesang. Nanging dereng
jangkep utawi dereng rampung pangecetipun, lajeng kasaput ing seraping
surya. Raden Mas Riyanta lajeng kendel panggambaripun, ananging
gambar tansah sinawang, ciptanipun, "Lah iya iki dhing dakgoleki. Hem,
pasemone kok memper dhek ana ing lesmen kae. Hem..., kuciwane kok
wis wengi. We hla, dakdokok ngendi gambar iki. Isih teles, kingko yen
konangan Sam dadi gawe."

18. KAWIYAK WADOSIPUN

Kacariyos enjingipun Raden Mas Riyanta anglajengaken panggambari-
pun. Sonten wanci jam sakawan sampun rampung. Gambar wau jebles
kaliyan wujudipun Raden Ajeng Sрни, bebasan boten salah sarambut.
Mila, kados punapa kemawon senenging panggalihipun Raden Mas
Riyanta. Gambar tansah dipunpirsani awangsul-wangsul. Ing ngandhap
gambar wau dipunserati makaten "Mustikaning Wanodya" sarta ing
ngandhap sisih tengen tinengeran asma "Riyanta".

Kala samanten Raden Mas Riyanta lajeng angraos marem pangga-
lihipun, mantun anggenipun adreng badhe tindak dhateng ing Tamansari.
Gambar lajeng dipunbekta dhateng ing gedhong pasarean badhe dipun-
pirsani kalayan sesarean. Gambar saweg kasendhekaken ing tembok
lajeng mireng swaranipun Raden Ajeng Marsam wonten ing gadri wetan
andangu dhateng satunggaling abdi. Raden Mas Riyanta gugup, gambar
lajeng kalebetaken ing lemari pangageman. Raden Ajeng Marsam lajeng
dhateng, panguwuhipun, "Mas..., Mas...!"

"Hih..., hih..., ana apa? Ana apa?"

"Hlo, Kangmas ki kok sajak gugup ngunci benet?"

"E..., kaget aku. Nek ngundang uwong kuwi ambok iya rada alon
bae ta Sam, mundhak gawe gugup! Hlo, kok thik-thikan mrono kuwi
golek apa?"

"Anu Mas, kula nyuwun dalancang badhe kula angge mola."

"Kono dudu enggon daluwang. Ayo dakjupukake nyang kantoran."
Raden Ajeng lajeng kapendhetaken dalancang.

"Taksih kirang, Mas!"

"Wong semono kok isih kurang! Yen wis entek sesuk anjaluka maneh!"

Kala samanten Raden Ajeng sampun kesah, Raden Mas Riyanta lajeng wangsul dhateng ing gedhong pasarean badhe amirsani gambar malih. Gambar sasampuning kawedalaken lajeng dipunsawang. Bok-manawi taksih wonten ingkang kirang prayogi, nuntan kapireng wonten thothok-thothok ing korining pandhapi. Raden Mas Riyanta anginten yen katamuan Walandi. Mila, gugup enggal angedali. Saking gugugipun ngantos kesupen boten angrimat gambaripun ing lemari. Sadumuginipun ing jawi, Raden Mas Riyanta pinanggih mitranipun, inggih punika Raden Mas Duryat, nuntan sami atata lenggah.

Raden Mas Riyanta ambagekaken, tembungipun, "Rak iya keslametan, Adhi?"

"Iya slamet, Kangmas kapriye?"

"Iya kaslametan. Kowe mau lagi teka saka Bayalali apa?"

"Ora, tekaku wis dhek wingi."

"Karepmu dhewe, apa diutus?"

"Diutus, Mas."

"Ora, Dhi, kapriye mungguh kahanane bawah Bayalali? Apa iya isih akeh durjana kaya sing uwis?"

"Ora Mas, sasuwene paprentahan kabupaten diasta bapak, kadur-janan akeh mendhane."

"Apa ta sababe dhek samana ing bawah Bayalali kok dadi misuwur akeh durjana?"

"Kabare mengkene. Sapisan nuju paceklik, kapindho para narakarya akeh kang nganggur. Awit saka cupeting nalar dadi ora bisa golek pagawean kang sakira bisa nyukupi marang kabutuhane. Katelune, sing nyekel paprentahan rada kurang tliti."

"Lha bisane banjur sirep iku kapriye?"

"Bareng bapak ana Bayalali, paprentahan dikencengake kayata yen bengi panggonane wong kang dimisuwurake ala didhawuhi ngrondhani

dening kang kuwajiban. Kang mangkono iku andadekake mirise para durjana. Yen awan wayahe wong nyambut gawe, mangka ana wong nganggur lemah-lemeh ana ngomah, iku didhawuhi mriksa apa sababe ora nyambut gawe. Yen wong mau dhasar keset, banjur didunung-dunungake kang nganti dumunung mungguh alane wong ora nyambut gawe. Dene yen wong mau mangsuli ora duwe gawean, utawa dikira anggane ora nyambut gawe mau jalaran saka cupeting nalare ora bisa golek gawean, banjur diprenahake. Kowe nyambut gawe anu, ing kana ana pagawean. Apa kowe bisa dadi anu, kang mangkono mau ora mung ngendelake para andhahan bae. Bapak dhewe kerep tindak nyalamur marang padesan mriksa kahanane desa utawa anggoleki durjana. Terkadang kondure wis anggawa pasakitan."

"O..., yen mangkono rak kanggep banget karo nagara."

"Kajaba iku isih ana maneh bab-bab liyane kang andadekake karaharjan. Seje sing dakrembug Mas, daksawang-sawang Kangmas kok rada cowong iku apa mentas gerah? Yen gerah sing digerahake apa?"

"Aku ora lara, mung ana sepuluh wengi iki aku rada kurang turu. Apa sababe aku ora ngerti."

"Lah nek rada gerah panggalih ora?"

"Ah, lara ati apa. Wong aku iya trima urip mangkene bae."

"E..., sokur yen mangkono. Anu kangmas, sowanku mrene iki arep nyuwun tulung menyang panjenengane. Kangmas dakaturi mriksani jaranane Babah Banyak ing Warung Pelem. Jaran mau yen rujuk arep dipundhut tuky bapak. Aku kang kadhawuhan andeleng iya wis dakdeleng. Mungguh pawakan sarta wandane aku dhemen, nanging prakara mathi-mathi aku kurang ngerti. Mulane, nyuwun tulung Kangmas."

"Ulese apa ta?"

"Dragem. Lagi poel sasisih."

"Wandane apa apik?"

"Apik banget, prasasat gambar."

Raden Mas Riyanta mireng tembung gambar mak dheg rumaos wadosipun kasumurupan ing sanes. Lajeng kengetan gambaripun Raden Ajeng Sрни dene dereng dipunlebetaken ing lemari. Ing batos sumelang bokbilih gambar wau kapendhet ingkang rayi Raden Ajeng Sam, temtu badhe kawiyak wewadosipun. Mila lajeng pados akal nilar tamunipun

lumbet ing kamar sengadi badhe mendhet rokok. Dumugi ing kamar, jegagig gambar sampun boten wonten ing ngandhap meja, ing ngandhap pasarean, ngandhap lemari, inggil lemari, sepen boten wonten pinanggih. Ing sanalika ngriku Raden Mas Riyanta kuwur pangalihipun, rumaos sanget sembrananipun nalika badhe ngedali tamu, teka gambaripun boten karimat rumiyin ingkang parimpen. Ing mangka gambar wau tansah sinawang kinudang-kudang dhasar taksih remen-remenipun. Ing batos sampun nginten bilih gambar wau kacolong kadhelikaken ingkang rayi Raden Ajeng Sam, mila sanget bingung ing pengalih.

Raden Mas Riyanta wangsul malih manggihi tamunipun kaliyan ambekta eses, nanging samangke rongeh palenggahipun sarta guwaya katingal pucet. Pangandikanipun dhateng Raden Mas Duryat makaten, "Dhi, awakku kok krasa greges-greges lan krasa ngelu."

"Apa ta pethekku. Rak ya rada gerah Kangmas ki. Ya uwis agemen sarean bae mumpung durung kebanjur. Aku taknyuwun mundur. Sesuk utawa emben bae daksowan maneh nutugake aturku ing ngarep mau."

"Iya ta."

Raden Mas Duryat nunten kesah.

Kacariyos Raden Ajeng Marsam taksih kekirangan dalancang. Nunten wangsul lumbet ing gedhong pasarean. Sareng sumerep gambaripun Raden Ajeng Sрни, sanalika Raden Ajeng anjalenger. Ing batos sanget pangalemipun dhateng ingkang raka bautipun anggambar, cip-tanipun, "E...eh, baute Mas Riya. Hem, baut temenan pancen. E..., dadi dhek Kangmas gugup mau andhelikake gambar iki. Wah toblas alise ki lehe ngematake. Hem..., Mas Riya tuke wira-wiri menyang Tamansari ki pancen saka senenge banget nyang Yu Sрни nganti digambar. Eh, hiya memper, hla wong gambare bae Yu Sрни ki kaya mengkono. Sapa wong sing ora kepencut."

Gambar lajeng dipunpendhet badhe kapriksakaken ingkang ibu, nanging taksih dipunumpetaken wonteng ing gedhong pasareanipun. Kacariyos boten dangu raden Mas Duryat sampun kesah, Raden Mas Riyanta enggal malebet ing gedhong pasarean. Sareng dumugi ing gedhong lajeng andangu dhateng abdi semu gugup, pangandikanipun, "He..., he..., Samsu."

"Nun"

"Apa Marsam iki mau rene?"

"Inggihi, menika wau saweg kemawon."

"E, hla kurangajarané."

Raden Mas Riyanta enggal madosi ingkang rayi dhateng ing dalem kilen, lajeng pinanggih saweg nyerat wonten ing gadri, pangandikanipun, "Endi Sam, aja mainan, Sam!"

Raden Ajeng gumujeng kekel, lajeng anambongi, "Napa ta, Mas? Wong kene ki ora barang-barang kok Mas Riya ki endi..., endi?"

"Hus, aja mainan. Dakjothak hlo. Aku emoh!"

Raden Ajeng Marsam saya kekel, "Napa ta, Mas? Hem, aku kok kudu anggyu ora kena dakempet. Hem, onten napa?"

"Ah, Sam. Kene ta, aku nesu hlo."

"Samang nesu ta. Kangmas ki kok aneh. Sampeyan niku napa kecalan napa kados pundi? Nek kecalan, kecalan napa? Mengke kula rencangi madosi! Arak iya digenahake dhisik. Angsal kula kekel niku hla wong ujug-ujug kok banjur endi Sam, endi Sam. Kula boten ngertos hlo. Aku ki kok kudu anggyu we."

"Ah, aku nesu temenan hlo!"

"Mangke ta, Mas Riya niku mundhut napa?"

"Anjaluk gambar!"

"Gambare sinten? Awit kula enggih nyimpeni gambar. Cekake nek Mas Riya boten karsa mastani namine sing digambar, kula enggih boten purun nemokake. Hara sinten?"

"Gambare wong Tamansari."

"Napa gambare Uwa Dipati putri?"

"Hlo, kok Uwa Dipati."

"Napa gambare Nes?"

"Hlo, kok Nes."

"O..., Mas..., wong ngarani Srimi mawon kok mawi isin. Inggihi napa dede?"

"Heeh."

"Wong gambar kaya ngana we kok dipundhut."

"Iya ben elek, wong aku seneng!"

"Seneng gambare napa seneng teng uwonge?"

"Ah..., kowe ki kok. Aku kandha dhemen gambare."

"Hla inggih dhemen gambar, ning gambare Yu Sрни mustikaning wanudya."

"Hem, Sam, nek ngeleh-ngelehake uwong ki mbok iya aja banget-banget."

"Hlo, kula-niku rak mung matur lugu ta, Mas. Sok a. dhemen gambare, mesthi iya dhemen wonge."

Sareng kawelehaken makaten, Raden Mas Riyanta saya katingal lingsem. Raden Ajeng ing batos sanget welas dhateng ingkang raka, nanging dereng lega anggenipun andhedhes. Mila, taksih ngupados reka daya murih ingkang raka enggal karsa pasaja, wicantenipun, "Hem, aku kok judheg anggagas Mas Riya. Kambi aku kok sajak pakewuh kuwi aku digalih kapriye. Ayake aku ki digalih ora ngerti kersane. Apa aku ki digalih ora ngulat-ulatake sarta rumeksa salirane. Apa Marsam digalih ora weruh kedhap.liring?"

Raden Mas Riyanta saya telas panggalhipun, temah lajeng ngandika tembungipun angasih-asih, "Dhuh sadulurku wong wasis; aku wis rumangsa kalah kambi kowe Sam. Dina iki, nadyan pati uripku manawa wis ana ing tanganmu, mung saka panjalukku, gambar bae aja nganti kawruhan ngakeh. Apa maneh yen kowe weruh ing wadi-wadiku. Rek-sanen aja nganti kobabar ing liyan."

"Kangmas ki isih mindho gaweni. Sampun kuwatos yen boten kula reksa. Mung kajeng kula, Mas Riya niku pasajaa. Cekake Mas Riya niku seneng gerohan napa tenan kalih Yu Sрни?"

Raden Mas Riyanta boten saged mangsuli, temah kumembeng waspanipun.

19. SAMI CONDHONG

Kala samanten Raden Ajeng Marsam enggal marak ing ngarsanipun ingkang ibu. Lajeng matur wiwit kala manggih gambar ngantos dumugi wekasanipun. Raden Ayu Natasewaya sakalangkung sukaning galih, nunten tindak dhateng ing gedhong amirsani gambaripun Raden Ajeng Sрни damelanipun Raden Mas Riyanta kadherekaken Raden Ajeng Marsam. Sareng mirsa gambar wau, Raden Ayu lajeng gedheg-gedheg,

ciptanipun, "Wis baut anggambar temenan si Kecuk," pangandikanipun, "Sam, yen karepe kangmasmu nyata mengkono, aku banget condhong marga wis dakgadhang-gadhang Sрни kuwi dadia anakku."

Raden Ayu lajeng tindak dhateng ing pasanggrahan kalayan Raden Ajeng, pinanggih ingkang putra Raden Mas Riyanta wonten ing kamar saweg badhe sare enggal lenggah. Raden Ayu angandika, "Riyanta, aku wis nampani tuture Sam. Banget andadekake lega bungahku marga wis antara suwe tukku ngarep-arep mungguh thukuling karepmu sing kaya mengkono kuwi. Mung bae aku takon, apa karepmu mau wis kalayan mantep temenan?"

Raden Mas Riyanta boten saged amangsuli amargi kagagas yen kar-sanipun, badhe boten saged kalaksanan. Raden Ayu angandika, "Aja pisan kowe kuwatir, aku sing bakal ngrampungu karepmu awit yen mung anake Kakang Pramayoga bae kiraku ora bakal maleset. Mung bae, sarate aku anjaluk tuturmu saka sakecap."

Raden Mas Riyanta lajeng ngaturaken pawartos saking Kyai Prama-yoga bab anggenipun badhe kagungan damel mantu. Raden Ayu sanalika ngendhelong, pangandikanipun, "Hlo, kok aneh ta? Aku kok ora ngrungu utawa kok ora dijak rerasan. Eeh, aku dhewe iya agumun. Hem, yen daktampanana lamba aku iki rak iya serik. Sabab apa dene uwakmu arep duwe gawe mengkono teka ora kekandhan kambi aku. Hlo nek nitik kabecikane rak ora ngono bakyu kuwi. E..., dadi Sрни wis arep laki. Apa kowe iya krungu ta, Sam?"

"Boten Ibu, adalem boten mireng."

"Eh..., ewuh temen tukku nyangkani. Serik yen aku nakokake anaking olehe pacangan. Kok semlonong timen, pantes-pantese gur yen aku takon dina tekaning gawe."

Raden Mas Riyanta sanget boten rena mirengaken pangandikanipun ingkang ibu. Mila, enggal medal dhateng ing pandhapi kalayan katingal ing semu ngondhok-ondhok. Raden Ajeng Marsam nunten sumela matur, "Bu, adalem sanget kuwatose yen Mas Riyanta ngantos boten saged dhaup kaliyan Yu Sрни amargi saupami Uwa Dipati estu mantu angsal pacangan ingkang sampun karembag, tamtunipun Mas Riya rak inggih kapeksa rencang utawi nenggani, gek kados punapa rekaosing manahi-pun. Malah saking kintenipun adalem, dereng ngantos dumugi ing damel

Mas Riya sampun lolos malih awit sampun dados wewatakanipun makaten: "

Raden Ayu sanalika saya peteng ing panggalih mireng aturipun Raden Ajeng wau jalaran sapisan boten dipunjak tetimbangan kaliyan Kyai Pramayoga. Kaping kalih, angraosaken susahipun ingkang putra. Kaping tiga, kawekan anggening minangkani karsanipun. Mila, sanalika Raden Ayu ngantos katingal abrit pasuryanipun gumarobyos riwenipun amargi saking sanget sumuking panggalih.

Raden Ajeng Marsam awas ningali semuning ibu, temah teteg aturipun; "Ibu, saking pamanahan kula, bab menika bokmanawi boten kenging dipunsabaraken. Kedah-kedah Ibu kersa anggalih sagedipun kalampahan dhaupipun putra dalem Mas Riyanta."

"Eeh, Sam, kepriye tukku ora judheg jer lesaning karepku mung kangmasmu, nanging kangmasmu sajak wis pepes atine."

"Sanes Mas Riyanta, Ibu. Ingkang gawat prakawis Tamansari menika kedah dipun-galih rumiyin."

"Kepriye panemumu?"

"Saking pamanggihipun adalem, Ibu kedah kaparenga anyindhikaken pawartos wau. Punapa leres Uwa badhe kagungan damel mantu. Punapa Uwa dipuntimbali, punapa Ibu tindak dhateng ing Tamansari."

"Becik kowe bae dhing mrana amarga yen aku dhewe mundhak kesompoken."

"Yen adalem ingkang kautus, prayogi kaliyan ambekta gambaripun Yu Srimi. Perlunipun yen pawartos wau kapara nyata, gambar punika lajeng kaparingaken minangka pasumbang saking putra dalem Mas Riya. Malah saking kintenipun adalem yen Uwa Dipati sampun priksa gambar wau, nadyan pawartos wau nyata, bokmanawi Uwa lajeng kagungan panggalih dhateng Mas Riya. Dene rembag-rembag mangke wonten adalem."

"Yen gambar kuwi dijuluk kangmasmu maneh, kapriye wangsulamu?"

"Yen gambar menika sampun kawuningan, kangmas mangsa purun nyuwun? Kapara mandhak ajrih angrimat."

Raden Ayu sanget condhong dhateng atur pamrayoginipun Raden Ajeng. Mila, Raden Ajeng enggal kadhawuhan mangkat.

Sasampuning angadi busana, Raden Ajeng lajeng mangkat niti
 kareta ambekta gambaripun Raden Ajeng Sri ni kadherekaken para nyai
 ayu-ayu kekalih. Dumugi ing Tamansari lajeng pinanggih Kyai Prama-
 yoga wonten ing gedhong panyeratan. Kyai Pramayoga kager, "Hlo...,
 Dara Ajeng. Pundi keng raka?"
 Wangsulaniipun, "Kangmas wonten gitya."
 "Mangga ta lajeng dhareng ing wingking kemawon. Keng uwa
 ingih wonten. He..., he..., Ibune, gilo ana dhayohi!"
 Raden Ayu sampun dhareng lajeng tumut manggihi. Kyai Dipati
 ngendika, "Dolan mawon menapa wonten damelipun?"
 "Anu Uwa, sowan kula mukti kautus ibu. Ibu mireng kabayar yen Uwa
 badhe kagungan damel mantu, menika benjing dinten menapa?"
 Kyai Dipati gumujeng, "Heh..., heh..., heh..., Gulo Ibune gagasen,
 Gusti kok wis mireng kuwi."
 Raden Ayu mangsuli, "Mesthine, bedhil muwi rak ana kukuse."
 "Tuwin ibu paring priksa yen ibu tampi pamitaniipun Mas Riyanta
 bilih benjing dumugining damel, Mas Riya boten saged nenggan amargi
 badhe kesah, tuwin kangmas namung saged ngaturi pasumbang"
 "Menapa, Engger?"
 "Menika dipunbekta rencang taksih wonten ing jawi."
 Gambar sasampuning kapendhet lajeng kaaturaken Kyai Dipati.
 Sareng sang Dipati mirsa gambaripun ingkang putra, sanalika lajeng
 mangretos karsaniipun Raden Mas Riyanta. Mila, lajeng gumujeng
 alatah-latah awit saking bingahipun, lajeng angandika, "Menika
 gambaripun kang raka piyambak, Engger?"
 "Ingih, Uwa."
 "Hem, gilo gagasen Ibune, wegigel!"
 Raden Ayu anambungi, "Wis ta wis, nek anakmu Dara Riyanta, aku
 wis ngandel."
 Kyai Dipati tansah gedheg-gedheg amirsani gambar, "Yen weruh
 bocah menadha kaya apa bungah. Wis Ibune, gambar iki dhelikna dhisik
 aja kotudhake anakmu."
 Raden Ajeng sumela matur, "Mingga Uwa anggenipun kagungan
 damel menika estu benjing menapa? Tuwin angsal pundi ta, Uwa?"
 "Cekakipun, Engger kula aturi kondur. Mangke kula badhe sowan

piyambak. Amung, yen kadangu ingkang ibu, anggen kula gadhah damel amung andherek keparengipun ingkang ibu amargi kula rumaos boten gadhah anak. Inggih leres keng bakyu Sрни menika anak kula, nanging sajatosipun sampun kula abdekaken ingkang ibu, karana ing ngajeng sampun dados punagi kula tuwin keng uwa yen keng bakyu badhe kula ngengeraken dhateng priyantun ingkang nulungi kala ical wonten alun-alun. Mangka, ingkang nulungi inggih menika keng raka piyambak, Dara Riyanta. Amung rehning ingkang raka selak, dados kula inggih ajrih ngaturaken. Taken kemawon kula boten. Wantun kula namung matur api-api badhe gadhah damel mantu. Wusana ingkang raka saweg kagungan karsa."

Raden Ajeng sanget agumun, "I..., dados ingkang manggih bakyu kala rumiyin, Mas Riyanta?"

"Inggih Engger. Menika saking cariyosipun keng bakyu."

Raden Ajeng gujengipun kaampet, "Hem layakna ta, Mas Riya nglenglang nganti saprene. Inggih sokur ta Uwa yen makaten dados lega raosing manah kula."

"Inggih Enggar. Mangsa boronga anggenipun matur ingkang ibu tuwin dhateng ingkang raka. Punapa ingkang dados karsanipun kula amung condhong."

Kala samanten Reden Ajeng Marsam lajeng kondur kalayan bingahing manah dene lampahipun angsal damel. Makaten ugi Kyai Dipati sakaliyan dene sampun angsal wewengan ingkang dados esthinipun. Sontenipun, Kyai Dipati sakaliyan lajeng sowan dhateng ing Natasewayan.

Kacariyos konduripun Raden Ajeng Marsam mampir ing pasanggrahan, lajeng pinanggih ingkang raka. Raden Mas Riyanta andangu, "Hlo, kowe ki kok sajak mentas lelungan, saka ing ngendi he, Sam?"

Wangsulanipun, "Anu Mas, kula menika wau mentas saking Taman-sari kautus ibu andangu Uwa Dipati anggenipun badhe kagungan damel. Wah, anu Mas, kula wau enggih pinanggih bakyu, Yu Sрни."

Raden Mas Riyanta dangu boten ngendika amargi ingkang rayi sajak ambeda, lajeng andangu, "Suk apa ta gawene?"

"Hlo, Mas Riya ki sajak kok wis lila. Apa hya wis lila tenan iya?"

Inggih raka duka, "Sam, Sam, enggane kowe ki nek ora ngajak sembranan apa gela ta, Sam?"

"Anu Mas, yektosipun kula wau dipunweling, boten diweling dhing, diutus supados kula matur ibu tuwin matur ing panjenenganipun Kakang Mas bab siwa anggenipun badhe kagungan damel mantu, menika inggih saestu. Mung mawon calon mantu wau dipunpadosi dereng pinanggih!"

"Kowe ki caturan kok clemang-clemong!"

"Hlo, yektos kok Mas. Kangmas ki durung-durung kok duka. Awit mekaten inggih Mas, wontenipun siwa dhawuh mekaten amargi ing ngajeng siwa kagungan nadar menapa kaul, menapa punagi. Kala Bakyu Srimi ical wonten alun-alun menika dipuntulungi ing satunggiling jejaka, nanging boten genah namanipun tuwin dunungipun. Hla menika, sarehning pun uwa rumaos kapotangan ageng, mila ujar ing punagi yen saged pinanggih jejaka wau, bakyu badhe dipunngengeraken."

"Cles..." raosing panggalihipun Raden Mas Riyanta kados siniram ing toya sawindu, nanging mendel kemawon.

"Mila yen Kangmas dhangan, siwa nyuwun tulung menapa Mas Riya saget madosi jejaka wau?"

"Hlo, satemene kowe ki diutus siwa temenan apa geguyon?"

"E..., yektos napa. Kangmas ki maido!"

"Hara sepataa."

"Ambok cekek ta, kula rak diweling!"

"Andak iya diweling mengkono, rak ora ta?"

Raden Ajeng gumujeng.

"Wong kowe ki dhemenanmu goroh, Sam!"

"Sing goroh kula napa Slirane? Hem, Mas Riya kok angguyokake. O..., Mas, ambok inggih blaka mawon perlune napa kikip? Saktemene dhing nemu Srimi rak selirane ta? Hara..., enggih napa boten?"

Sareng Raden Mas Riyanta kawelehaken ingkang rayi, lajeng balaka sarta nyariyosaken sadaya lelampahanipun ing ngajeng punapa. Dene Raden Ajeng Marsam inggih lajeng ngaturaken sapiwelingipun Kyai Dipati Pramayoga. Wasana, Raden Ajeng nunten marak ing ngarsanipun ingkang ibu angaturaken anggening kautus wau. Raden Ayu sanget sukaning panggalih. Ing batos sanget pangalemipun dhateng Raden Ajeng dene saged amajaraken pepeteng, angrampungni sadaya pakewed. Sanalika Raden Ajeng ginanjar busana tuwin sesotya.

Sontenipun Kyai Pramayoga sakaliyan sowan ing ngarsanipun Raden

Ayu. Ananging; bebasan. kantun anjablasaken rembag tuwin katamtu-
aning dinten badhe dhaupipun Raden Mas Riyanta kaliyan Raden Ajeng
Srini kemawon amargi sadaya-sadaya sampun dipunandharaken dening
Raden Ajeng Marsam. Saramungipun perlu, Kyai Dipati sakaliyan la-
jeng kondur ing Tamansari.

Kacariyos ingkang sanget prihatos Raden Ajeng Srini; rintèn dalu
boten kendhat anggenipun nenuwun ing Hyang kang Murbeng Titah.
Menggah-raosing panggalhipun Raden Ajeng kados kinunjara jalaran
mireng saking aturipun Raden Ajeng Nestri. Piweling saking Raden Mas
Riyanta yen saliranipun sampun pinacang angsal priyantun Rembang, ing
mangka sampun boten wonten malih ingkang dados raosing panggalih
kajawi namung Raden Mas Riyanta.

Kala samanten nuju ing wanci enjing, Raden Ajeng Srini lenggah
wonten ing gadri kilen. Ingkang ibu lajeng rawuh kautus ing Kyai Dipati
amlimpingi panggalhipun ingkang putra, pangandikanipun, "Dhuk, aku
derma didhawuhi bapak tutur menyang ing kowe. Rehning sawanci-wanci
jroning sasi ngarep iki kowe sida arep dingengerake, mula bapak mun-
dhut pituturmu kudu anglakoni sarta ngewang-ewangana prihatin supaya
kasembadan dening Allah slamet ketug ing dina adeging gawemu. Dene
pituturku ing kowe, kajaba kowe kudu sesirah sakadarmu, ing batin kowe
kudu pasrah menyang sing gawe urip. Nenuwuna bisane lestari kanggo
enggonmu angladi bojo karana...." Dereng ngantos dumugi anggenipun
ngandika Raden Ayu, Raden Ajeng Srini sampun murwun. Eluhipun
carocosan awit panampining dhawuhipun ingkang ibu wau yen sali-
ranipun punika estu angsal priyantun ing Rembang. Mila Raden Ajeng
anyipta pejah. Menggah sesambating batos, "Dhuh. Gusti kang Maha
Agung, kawula enggal binanjuta kemawon."

Sareng Raden Ayu mirsa pamuwunipun ingkang putra, temah lajeng
seling serap, "Hlo..., kepriya ta Engger wong ayu, kok dadi kowe
nangis? Apa kowe ora condhong? Kepriya ta Engger karepmu Srini? Kok
geseh temen kambi-kekudanganing wong tuwa. Ta, coba pikiren dhisik.
O..., kleru Engger nek kowe ora manut karepe wong tuwa. Ora ana
Engger sak-Surakarta kaya Dara Riyanta. Ta, coba gagasen, apa mung-
guh kuciwane?"

Gleg, panggalhipun Raden Ajeng, ciptanipun, "Hlo, Sibu ki kok

Dara Riyanta, "lajeng matur dhateng ingkang ibu, "Bu, aku rak durung ngerti kersamu. Aku ki sida kokngengerake menyang Rembang apa menyang Natasewayan?"

Raden Ayu gentos kaget, "Hlo..., kok jebul Rembang..., Rembang. Kepiye ta? Sapa? Apa kowe duwe pamilih wong kana?"

"Ora Sibu."

"Hlo, hla kepiye, wong aku ora ngrembug wong Rembang. Sing dakrembug iki dhawuhe Gusti. Kowe sida dipundhut oleh Dara Riyanta."

Sanalika tumreceping panggalhipun Raden Ajeng kados kadhawahan wahyu, ciptanipun, "Sewu ora nyana yen ngene dadine."

"Hla mungguh rembug Rembang..., Rembang mau rembug saka sapa?"

"Wis ta, Bu, wong kuwi pengrunguku saka kandhane Nes, kok."

"E..., dadi tukmu nangis angelolo ki mau ngira nek oleh kaya kandhane Nes, apa ngono?"

"Iya."

"E..., wis ora karu-karuwananea. Hla kok dadi Nes bisa kandha mengkonono kuwi saka pakone sapa?"

"Jare Nes, sing dhawuh ngono kuwi kabar saka Daramas."

Raden Ayu gumujeng latah-latah awit lajeng mangertos aluranipun. Wasana, Raden Ayu lajeng matur ingkang raka wonten ing pandhapa. Temah dados gegujengan sanget leganing panggalih. Raden Ayu lajeng wangsul kautus maringaken gambaripun ingkang putra, pangandikanipun, "Gilo Endhuk, kowe diparingi gambar Endara Riyanta."

"Gambar apa, Bu?"

"Iya enya ta delengen."

Raden Ajeng kalangkung ebat aningali gambaripun tuwin seseratan ingkang wonten ing ngriku. Gambar lajeng kabekta dhateng ing kamar kapriksanan katandhing kaliyan warnipun wonten ing kaca, menggah saking paningalipun Raden Ajeng sampun cocog. Mila, Raden Ajeng saya ageng manahipun rumaos sinambada warnanipun. Awit saking leganing panggalih, Raden Ajeng ngantos angrentahaken waspa.

20. DHAUPING PANGANTEN

Wiwit kala samanten ing dalem Tamansari sampun wiwit dipunresiki sarta dipundandosi. Sampun tamtu kemawon Kyai Dipati boten mawi angetang waragad kangge ngedegi anggenipun badhe kagungan damel awit putra namung satunggal, anocogi kaliyan kekudanganipun. Sadaya sinambadan ingkang dados karsanipun boten wonten kuciwanipun.

Kacariyos sareng sampun dumugi ing dinten dhauping panganten; ing Pramayogan sampun sangkep pasang rakiting uparenggan. Sadaya sarwi adi, sarwi asri, jumbuh lan busananing pamiwaha. Para kadang warga tuwih para santana sadaya sami anjenengi. Busekan sami andum damel kanthi senenging manah, boten wonten sangsayanipun. Kathah para tamu ageng alit ingkang sami rawuh. Wanci sonten panganten lajeng panggih. Ungeling gangsa anganyut-anyut ngarangin binarung ing sesendhon langen swara minangka panembrama. Ambaludag wedaling pasugatan. Kathah tetiyang ingkang sami kasmaran dene salaminipun saweg nembe punika sumerep panganten jumbuh endahing warni. Wonten ingkang ngalem kabegjanipun Kyai Dipati anggenipun kagungan damel. Sasampuning panganten lenggah ing ngajeng patanen, tumbuh solahing tetiyang ingkang sami ningali ajejel apipit arebat ngajeng. Ing dalem kebak para putri boten kober jejagongan jer tansah ningali panganten, tur sami pating kalesik ajawil-jinawil. Inggang mendel ngantos kami-tenggengen, bingung anggenipun anyawang panganten. Wonten ingkang sesambat ing batos kepencut dhateng Raden Mas Riyanta. Wonten ingkang kepengin dados Raden Ajeng Srim. Akathah warni-warni pangalemipun para tetiyang. Sadaya sami bingah-bingah amangun suka. Kosokwangsulipun Raden Mas Riyanta, raosing panggalih sanget sedhihipun amargi boten jenak lenggahan kaliyan para putri. Wonten ing pandhapa tansah dipuntimbali marasepuh supados aso. Raden Mas Riyanta lajeng nyalinthut malebet ing kamar pondhokan, lukar lajeng dhateng ing patamanan perlu angenggar-enggar panggalih. Sanalika ing ngriku Raden Mas Riyanta dados padosan. Ananging, Raden Ajeng Marsam ayem kemawon amargi sampun mangertos watakipun ingkang raka.

Kala samanten Raden Ajeng Marsam kaliyan Raden Ajeng Nestri

dados patah, lajeng anglukari panganten estri wonten ing pondhokan. Sareng Raden Ajeng Sрни sumerep yen Raden Mas Riyanta sampun lukar mangka ngantos tengah dalu boten wonten katingal, temah Raden Ajeng boten sakeca panggalihipun. Lajeng kados ginugah kasujananipun sarta nginten yen Raden Mas Riyanta kondur dhateng ing Natasewayan, ciptanipun panggalih, "Dhuh yen ngantia ora kondur sajroning wengi kiwi, iba kaya apa suraking ngakeh dene aku laki sapisan ora bisa atut."

Raden Ajeng Marsam awas ningali semuning panggalihipun ingkang bakyu. Enggal medal dhateng ing patamanan amadosi ingkang raka pinanggih lenggahan wonten ing ngandhap cemara, panguwuhipun, "Sapa kuwi? Mas Riya?"

"Heeh."

"Kados pundi ta kok wonten ngriki? Sampeyan dipunaturi bakyu dhahar."

"Sam, aku ora bisa ketemu bakyumu ana ing gedhong marga kono akeh wong. Aku rikuh. Yen gelem arep dakejak mulih ngulon saiki bae."

"Hlo, Kangmas ki kok ngono. Panganten kok rikuh. Mangga ta tindak mrika mawon, mangke rak dipundukani."

"Ora ta, undangan mrene bae. Cekake aku ora bisa rembugan kambi bakyumu yen ana kene."

Raden Ajeng Marsam kapeksa angemong panggalihipun ingkang raka. Lajeng wangsul dhateng pondhokan panganten, nanging lajeng wangsul dhateng ing patamanan malih kalayan sajak gugup, "Mas..., Mas..., bakyu kula padosi kok boten wonten, mangka kala wau sampun mapan sare. Manah kula kok radi boten sekeca. Kontenipun cendhela kala wau sampun kula kancing, nanging kok lajeng menga. Lajeng kula kancing malih, menika wau kok menga malih. Ngatos-atos hlo, Mas!"

Aturipun Raden Ajeng wau namung ngapusi ingkang raka kemawon. Sanalika Raden Mas Riyanta kaget. Enggal malebet ing gedhong pasarean kalayan gugup. Jebul cendhela taksih kumancing. Raden Ajeng Sрни sampun mapan sare amujur. Ing ngriku Raden Mas Riyanta tansah angiling-ilingi. Sanalika sirna rikuhipun, wasana sakaliyan lajeng amangun lulut.

BAGIAN V

KATA-KATA SUKAR

A

<i>arip</i>	'mengantuk'
<i>ambesat-ing warni</i>	'sangat tampan'
<i>amempen</i>	'sembunyi/di rumah saja'
<i>anjétung</i>	'kecewa/menyesal'
<i>ameng-ameng</i>	'berjalan-jalan'
<i>amlimpingi</i>	'menasihati'
<i>anrus</i>	'terus'
<i>acegeh</i>	'agak jengkel'
<i>anjinge</i>	'masuknya'
<i>apsah</i>	'sah'
<i>amiwiti</i>	'dari awal'
<i>amekasi</i>	'sampai akhir'
<i>adalem</i>	'saya/-ku'
<i>anelakaken</i>	'pertanda/menerangkan'
<i>andher</i>	'duduk berjajar'
<i>anyalat</i>	'berkobar-kobar'
<i>angeses</i>	'desis suara terbakar'
<i>angendhanu</i>	'hitam pekat'
<i>ambujeng</i>	'mengejar'
<i>asikep</i>	'membawa'
<i>angengimur</i>	'menghibur'
<i>amemalat</i>	'mengibakan'
<i>aririh</i>	'pelan'
<i>anjalenger</i>	'keheranan'
<i>anoraga</i>	'lemah lembut'
<i>angambet-ambet</i>	'membau/menciumi sesuatu'
<i>ambeg</i>	'sifat'
<i>anasabi</i>	'menutupi'

<i>angudhuh</i>	'mengaduh'
<i>anenggak waspa</i>	'bercucuran air mata'
<i>angglong</i>	'lega hati'
<i>andhandhang</i>	'berharap/mengharapkan'
<i>anglirowakake</i>	'meremehkan'
<i>andalarung</i>	'sekehendak hati'
<i>asingkel</i>	'susah/sedih'
<i>amemala</i>	'sangat mengibakan/kasihani'
<i>andikakaken</i>	'mengatakan/berkata supaya'
<i>angot</i>	'kambuh'
<i>aseduwa</i>	'duduk dengan tangan memegang lutut'
<i>anggraita</i>	'menyangka'
<i>angilingi</i>	'menuangkan/mengisi'
<i>anganthi</i>	'membimbing/menemani'
<i>aprak ati</i>	'menarik hati'
<i>anjalereng</i>	'diam karena terkejut/heran'
<i>andaluya</i>	'seenaknya'
<i>andhusur</i>	'menerobos'
<i>amen/amem</i>	'selalu'
<i>anganta-anta</i>	'sangat ingin/sangat berharap'
<i>anguwiki</i>	'mengupas'
<i>api-api</i>	'pura-pura'
<i>amungu</i>	'membangunkan'
<i>anggaluguk</i>	'terpingkal-pingkal'
<i>amerit</i>	'semakin ke ujung semakin kecil'
<i>amemat</i>	'membara/membujuk supaya'
<i>aregu</i>	'diam agak angkuh'
<i>angolan-olan</i>	'panjang seperti leher angsa'
<i>amayay</i>	'agak miring (jalan)'
<i>anggendhewa gadhing</i>	'seperti busur panah dari gading'
<i>arempeng</i>	'sama rata'
<i>amukang</i>	'paha'
<i>amemel</i>	'lunak tidak keras'
<i>andugi</i>	'menduga/menyangka'
<i>adreng</i>	'sangat ingin'

anambong
anyindhikaken
angadi busana
anambungi
amajaraken
aluranipun
angrentahaken
anjenengi
apipit
aso
amangun lulut

'pura-pura tidak tahu'
 'mengklarifikasi/membuktikan'
 'bersolek/berhias diri'
 'menyambung'
 'membuat terang'
 'alur/jalan cerita'
 'meneteskan'
 'menunggu'
 'rapat tanpa celah'
 'beristirahat'
 'bercumbu rayu'

B

baya
bangka
baut
bencana
binuncang
binarung
baring
bayunipun
besiyar
bremani
bendha
besus
birat
benet
busekan

'barangkali'
 'mati'
 'sangat pandai'
 'bencana'
 'dibuang'
 'berbarengan/dibarengi'
 'gila'
 'urat syaraf'
 'berjalan-jalan menghibur hati'
 'kuning'
 'sejenis pohon keluwih'
 'bersolek/pandai/bersih'
 'hilang/musnah'
 'lemari'
 'berjejal-jejal'

C

cipta
cinakrabawa

'gagasan'
 'diduga/dikira'

<i>candhangi</i>	'menghalangi'
<i>cumeplong</i>	'lega hati'
<i>cinamah</i>	'dijamah/dijarah'
<i>cripu</i>	'jenis sandal cepit'
<i>cal</i>	'syal/kain penutup leher'
<i>cekek</i>	'mati'
<i>cucut</i>	'lucu'
<i>cekoh</i>	'batuk'
<i>cengkorongan</i>	'kerangka/rancangan'
<i>cowong</i>	'pucat'
<i>condhong</i>	'cocok'

D

<i>dipunebang-ebangi</i>	'diiming-iming'
<i>dipunesotaken</i>	'dikutuk'
<i>dakesthi</i>	'saya harap'
<i>dalem</i>	'kamu/-mu'
<i>dilah</i>	'lampu'
<i>disaru</i>	'dicela'
<i>dakgendhing</i>	'saya rencanakan'
<i>dakkelingi</i>	'saya nasihati'
<i>destun</i>	'tetapi'
<i>dora sembada</i>	'berbohong untuk menutupi kesalahan orang lain'
<i>dhangan</i>	'sembuh/sehat'
<i>dhong</i>	'tepat'
<i>dipunrerepu</i>	'dihibur'
<i>diitik-itik</i>	'diasuh'
<i>digedhong</i>	'dikurung dalam gedung/rumah'
<i>diujar-ujari</i>	'dimarahi/dimaki-maki'
<i>dinuta</i>	'disuruh/diperintah'
<i>dipitaya</i>	'dipercaya'
<i>dara dasih</i>	'mimpi yang betul-betul terjadi'

<i>dede</i>	'bukan'
<i>durjana</i>	'penjahat/preman'
<i>disasapi</i>	'ditutupi'
<i>dhamis</i>	'tertup rapat (bibir)'
<i>dipunampah</i>	'dicegah/ditahan'
<i>dalancang</i>	'kertas'
<i>dhemem</i>	'senang'
<i>dragem</i>	'merah kehitaman'

E

<i>engga</i>	'sampai/hingga'
<i>enek</i>	'mual/sebal'
<i>enggane</i>	'seandainya'
<i>ewa</i>	'iri/dengki/tidak mengenakkan'
<i>ebat</i>	'segan/heran'
<i>emenging</i>	'sedih bercampur bingung'
<i>ebyang-ebyangan</i>	'ingin selalu pergi'
<i>ebat</i>	'gumun'

G

<i>gadri</i>	'teras'
<i>giris</i>	'miris'
<i>goreh</i>	'tidak tenang'
<i>gegancangan</i>	'terburu-buru/dengan cepat'
<i>gurawalan</i>	'gugup'
<i>geter</i>	'berdebar-debar/takut'
<i>garenjeting</i>	'niat'
<i>gegujengan</i>	'sendau gurau'
<i>gowak-gowek</i>	'ingin selalu muntah'
<i>gubyes</i>	'terkena/penuh dengan'
<i>gale</i>	'itu dia/itu lo'

grana
guwaya

'hidung'
'wajah/air'

I

ingela-ela
ijem
imba

'sangat disayang'
'hijau'
'alis'

J

jongos
jagong
jing
juru peteng
jene
jangga

'pelayan/pembantu'
'keundangan'
'yang'
'juru nujum,/dukun sakti'
'kuning'
'leher'

K

kacuwan
kekidungipun
kenya
kembeng
kembenging penggalhipun
kambi
kudhup
kalimpadan
kawistara
ketanggulan
karana
kadursilan
kabesmen
komidhi

'kecewa'
'pujaan'
'gadis'
'penuh dengan/berisi'
'isi hatinya'
'dengan'
'kuncup'
'kepandaian'
'tampak'
'bertanggung jawab'
'karena'
'kejahatan'
'terbakar/kebakaran'
'sirkus'

<i>katempuh</i>	'terserang'
<i>kukus</i>	'asap'
<i>kawekaning</i>	'serba salah'
<i>katalisut</i>	'terselip/hilang'
<i>kuwur</i>	'bingung'
<i>kakenan</i>	'berkenan'
<i>kaonengan</i>	'prihatin/rindu'
<i>kumelap</i>	'khawatir'
<i>kapalipun</i>	'kudanya'
<i>klithik</i>	'genta kecil/klintingan'
<i>karset</i>	'kalung emas'
<i>kadhal menek</i>	'model rambut yang ditata seperti kadal memanjat'
<i>kalingane</i>	'apa keinginannya'
<i>ketungka</i>	'kedatangan'
<i>kacipuhan</i>	'agak tidak enak perasaan'
<i>kamot</i>	'muat/dimuat/termuat'
<i>kecohan</i>	'tempat meludah'
<i>kasok</i>	'sangat lelah'
<i>kroket</i>	'nama makanan yang terbuat dari kentang dan daging'
<i>kekah</i>	'kukuh'
<i>kendhak</i>	'menunduk'
<i>kendhat</i>	'putus'
<i>kembul</i>	'berbarengan/bersama-sama'
<i>kanthil</i>	'tempat tidur'
<i>karipan</i>	'sangat mengantuk'
<i>kumesar</i>	'khawatir'
<i>kumepyar</i>	'terasa terang/segar'
<i>kapurunan</i>	'keberanian'
<i>kambengan</i>	'halangan/alang-alang'
<i>kekanthen</i>	'bergandengan'
<i>kamitongtonen</i>	'terbayang-bayang'
<i>kapranan</i>	'berkenan/tertarik'
<i>karengat</i>	'pecah'

<i>kewes</i>	'luwes'
<i>kagok</i>	'tidak lazim'
<i>kinantha</i>	'diujudkan seperti'
<i>kore</i>	'kuda bima'
<i>kumenyut</i>	'tertarik hatinya'
<i>kasaput</i>	'tertutup'
<i>kedhap liring</i>	'pandangan sekilas'
<i>kaweken</i>	'kehati-hatian/waspada'
<i>kesompoken</i>	'sesak'
<i>kikip</i>	'tidak berterus terang'
<i>ketug</i>	'sampai'

L

<i>lelana</i>	'mengembara'
<i>latu</i>	'api'
<i>lesmen</i>	'rumah makan'
<i>layap-layap</i>	'antara bangun dan tidur'
<i>lumajeng</i>	'berlari'
<i>lejar</i>	'ceria/tidak bersedih lagi'
<i>lolos</i>	'pergi'
<i>lukar</i>	'ganti baju'
<i>lam-lamen</i>	'sangat keheranan/tebayang- bayang'
<i>larapan</i>	'hiasan pada dahi wanita yang terbuat dari emas'
<i>lung-lungan</i>	'daun-daunan yang tumbuh menjalar'
<i>lemeh-lemeh</i>	'malas/enggan'

M

<i>mursid</i>	'tampan/utama hidupnya'
<i>marsudi</i>	'berusaha/usaha'
<i>mangro</i>	'mendua'

<i>madya(ne)</i>	'tengah-tengah'
<i>mijang-mijang</i>	'menerangkan sejelas-jelasnya'
<i>malipir</i>	'berjalan lewat pinggir'
<i>mandhak</i>	'malah'
<i>mewahi</i>	'menambahkan/menambah'
<i>manggun</i>	'selalu berbicara/tidak bisa diam'
<i>mire</i>	'menepi'
<i>muwun</i>	'menangis'
<i>mambengi</i>	'menghalangi'
<i>murca</i>	'menghilang/pergi'
<i>marak</i>	'menghadap'
<i>meningi</i>	'mengalami'
<i>melor</i>	'nama jenis kereta kuda'
<i>mlumba-mlumba</i>	'meloncat-loncat'
<i>mlar</i>	'meloncat minggir'
<i>memaniking ati</i>	'permata hati'
<i>miyos</i>	'keluar/lewat'
<i>madoni</i>	'membantah/meledak'
<i>mantu sengadi</i>	'bersandiwara punya hajat (menikahkan anak)'
<i>maya-maya</i>	'agak terang/sangat bagus'
<i>mirah</i>	'intan/permata merah'
<i>mustikaning wanodya</i>	'gadis yang punya kelebihan/gadis pujaan'
<i>mola</i>	'membuat pola'
<i>mendhane</i>	'beda/susut'
<i>mathi-mathi</i>	'kuncir kepala kuda'

N

<i>nagari</i>	'kota'
<i>nandalem</i>	'kamu'
<i>narancag</i>	'meloncat dengan cepat'
<i>nunten</i>	'lalu/kemudian'
<i>nuguri</i>	'menjaga'

<i>notol</i>	'sangat ingin'
<i>nedya</i>	'niat'
<i>ngemungake</i>	'hanya/khusus hanya'
<i>nglodhong</i>	'setoples'
<i>nglengkara</i>	'tidak bakal/mungkin'
<i>nglengleng</i>	'tertarik/terkesan'
<i>ngredatin</i>	'susah/sedih'
<i>ngrungih</i>	'mancung'
<i>ngarangin</i>	'pelan dan enak didengar'
<i>nguwuh</i>	'memanggil'
<i>ngungun</i>	'sangat heran'
<i>nyarah karsa</i>	'sekehendak hati'
<i>nyupet</i>	'menghentikan'
<i>nyengka</i>	'menanjak'
<i>nyondhongi</i>	'setuju/cocok'
<i>nyamblegi</i>	'memukuli'
<i>nyalimur</i>	'mengalihkan perhatian/pikiran'
<i>nyalinthut</i>	'sembunyi'

O

<i>owel</i>	'tidak mau melepas'
<i>ongak-ongak</i>	'melongok-longok'

P

<i>paseban</i>	'tempat yang selalu dituju'
<i>pratitis(e)</i>	'keterangan(nya)'
<i>pakon(ku)</i>	'perintah(ku)'
<i>pangowel(ku)</i>	'ketidakmauan(ku) untu'
<i>pamanahan</i>	'pemikiran'
<i>putra dalem</i>	'anakmu'
<i>pamadanipun</i>	'pencelaannya di dalam mencela'

<i>pangekere</i>	'sangat rapat menyimpan rahasia'
<i>prahara</i>	'hujan angin/bencana'
<i>pitekur</i>	'bertafakur'
<i>pasanggrahan</i>	'pesanggrahan/rumah'
<i>pangonggo-onggo</i>	'kebingungan hati/menangis pelan'
<i>panggrayangan</i>	'perkiraan/prasangka buruk'
<i>pandung</i>	'lupa'
<i>pepingidan</i>	'simpanan'
<i>pungun-pungun</i>	'bersedih'
<i>putek</i>	'bingung'
<i>pegad-pegad</i>	'terputus-putus'
<i>pasaja</i>	'sederhana/terus terang'
<i>palarasan</i>	'pergi secara pelan-pelan'
<i>purik</i>	'pergi karena marah'
<i>pokak</i>	'nama minuman yang terbuat dari sere dan jahe'
<i>plenthuk</i>	'termos'
<i>pinalisir</i>	'dihiasi'
<i>pangkat</i>	'berangkat'
<i>pasemon</i>	'wajah'
<i>pangarasan</i>	'pipi'
<i>pamulu</i>	'bentuk wajah'
<i>pamekak</i>	'ikat pinggang'
<i>pasakitan</i>	'terdakwa'
<i>poel</i>	'ganti gigi (untuk binatang)'
<i>pamiwaha</i>	'upacara pernikahan'
<i>patanen</i>	'tempat tidur'

R

<i>ribed</i>	'susah'
<i>reribed</i>	'penghalang/susah'
<i>resep</i>	'senang/berkenan'
<i>rimang</i>	'sedih karena cinta'

<i>rih</i>	'pelan'
<i>rinantam</i>	'dirancang'
<i>riya</i>	'urutan kepangkatan dalam keraton'
<i>ruruh</i>	'bentuk wajah penyabar'
<i>rambah-rambah</i>	'berkali-kali'
<i>rongeh</i>	'tidak tenang'
<i>rena</i>	'senang/puas'
<i>riwe(nipun)</i>	'keringat(nya)'
<i>rudatos</i>	'sedih/susah'

S

<i>sanggarunggi</i>	'curiga'
<i>sukci</i>	'suci'
<i>sedy</i>	'kehendak/niat/maksud'
<i>sanggem</i>	'tutup'
<i>sasap</i>	'tutup'
<i>serap</i>	'condong/beda'
<i>samirana</i>	'angin'
<i>semah</i>	'suami/istri'
<i>saweneh</i>	'sebagian/sementara'
<i>sareh</i>	'sabar'
<i>sengkeran</i>	'kurungan'
<i>sarwi</i>	'serba'
<i>senep</i>	'sebal/tidak mengenakan'
<i>santun</i>	'ganti'
<i>sambuk</i>	'pecut'
<i>sumalondhoh</i>	'mengambil hati'
<i>sande</i>	'warung/sarung'
<i>santak</i>	'keras'
<i>sobat</i>	'teman/sahabat'
<i>saksana</i>	'kemudian/terus'
<i>sinengguh</i>	'dikira/disangka'
<i>samukawis</i>	'semua/apa saja'

<i>sowan</i>	'menghadap/datang'
<i>semanta</i>	'dibicarakan karena ingin bertemu'
<i>sinamun</i>	'tersembunyi/diusahakan supaya tidak tampak'
<i>sinuba-suba</i>	'sangat dihormati'
<i>senggang</i>	'sembuh/luang/celah'
<i>semekan</i>	'kemben'
<i>sarwi</i>	'dengan/serta'
<i>sengadi</i>	'pura-pura'
<i>sacuring</i>	'sepotong'
<i>sangsangan</i>	'kalung'
<i>sesorya</i>	'intan'permata'
<i>sowang-sowang</i>	'berpisah/perpisahan'
<i>sentana</i>	'kerabat/saudara'
<i>salamuran</i>	'suasana/perhatian lain'
<i>sirep</i>	'tenang'
<i>selak</i>	'tidak mengakui'
<i>sesirih</i>	'mengurangi-makan dan minum'
<i>seling serap</i>	'salah terima'
<i>sengkap</i>	'lengkap'
<i>sesendhon</i>	'tembang macapat diiringi musik gamean'

T

<i>temah</i>	'akhirnya'
<i>tinantun</i>	'ditawari'
<i>tetela</i>	'jelas/tampak terang'
<i>tosan</i>	'besi'
<i>tuwuh</i>	'tumbuh'
<i>tumambuh</i>	'tidak peduli/pura-pura tidak tahu'
<i>turas</i>	'kencing'
<i>tumlawung</i>	'pandangannya menatap-kosong'
<i>teji</i>	'kuda-besar-dan-gagah'
<i>tukku</i>	'olehku'

<i>tuwas</i>	'guna/faedah'
<i>telike</i>	'mata-mata'
<i>tumunten</i>	'kemudian/lalu'
<i>tingarah</i>	'dapat dipastikan'
<i>tambuh</i>	'tidak tahu'
<i>tuguran</i>	'jaga/menunggu'
<i>tunggul</i>	'yang diunggulkan'
<i>teger</i>	'tegar/naik kuda'
<i>trusthaning</i>	'senang/puas'
<i>thik-thikan</i>	'semuanya dipegani'
<i>tumreceiving</i>	'merasuk ke dalam'

U

<i>ulih(e)</i>	'pulang(nya)'
<i>umyung</i>	'rama'
<i>ules</i>	'warna bulu kuda'
<i>ukel</i>	'gelung'
<i>uswa</i>	'napas/bernapas'
<i>ulah wiraga</i>	'menerapkan sopan santun'

W

<i>weriting</i>	'sembunyi/terlalu rapat'
<i>wantos-wantos</i>	'berpesan supaya'
<i>wanuh</i>	'kenal'
<i>wenesing</i>	'bersih berseri'
<i>wewahing</i>	'tambah/semakin bertambah'
<i>wande</i>	'urung/warung'
<i>wahana(ning)</i>	'sarana(nya)'
<i>wuwuh-wuwuh</i>	'terlebih'
<i>wiyar</i>	'luas/lebar'
<i>welas tanpa alis</i>	'sayang tetapi membahayakan'

<i>wadana</i>	'wajah'
<i>waja</i>	'gigi'
<i>weweg</i>	'padat berisi'
<i>wanda(ne)</i>	'wujud(nya)/bentuk(nya)'
<i>wegig(e)</i>	'pintar(nya)/pandai(nya)'
<i>wanodya</i>	'perempuan'
<i>wewengan</i>	'penerang hati'

Y

<i>yuswa</i>	'umur'
<i>yektos</i>	'sungguh'
<i>yu</i>	'sebutan untuk wanita yang lebih tua dari pembicara'
<i>yen</i>	'jika/kalau/bahwa'

DAFTAR PUSTAKA

- C. Ruddyanto ed. 1996. *Seminar Sehari Meningkatkan Mutu Sulih Suara*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Hoed, Benny H. 1996. "Sulih Suara (*Dubbing*) Film dan Masalah Kebahasaan". Dalam C. Ruddyanto 1996. *Seminar Sehari Meningkatkan Mutu Sulih Suara*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Nida, Eugene A. 1976. "A Framework for The Analysis and Evaluation of Theories of Translation". Dalam Richard B. 1976. *Translation: Applications and Research*. New York: Gardner Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij NV.
- Purwo, Bambang Kaswanti ed. 1990. *Pellba 3*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Soesilo, Daud H. 1990. "Aneka Pendekatan di dalam Penerjemahan: Sebuah Tinjauan". Dalam Bambang Kaswanti Purwo (penyunting). 1990. *Pellba 3*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Sulardi, Raden Bagus. 1920. *Serat Riyanta*. Weltevreden: Balai Pustaka.